

CHINAMATO CHAJEZEBHERI

 Ngatirambei takamira kwechinguvana, tichipa Mwari kutenda nekuda kweizvi. Ngatikotamisei misoro yedu.

Mwari Baba Vatsvene vane Nyasha, tinofara zvikuru kuti Muri mwa—Mwari, uye mubatsiri anogara aripo munguva dzokutambudzika. TinoKutendai nezvaMakatiitira. Hatingokwanise kuratidza, kubva mumwoyo yedu, kuti tinokoshesa sei izvi, uye kuti Munouya sei kuzotinunura patinenge tiri mudambudziko. Takadzidza, kuburikidza nemumakore, kuvimba neMi uye nekutenda iMi.

Uye ndinonamata, masikati ano, Ishe, kuti Mugodurura maropafadzo eNyu pamusoro pevanhu ava. Dai pakasava nemunhu ane hutera pakati pedu kana shumiro ino yapera. Kana paine mumwe ari muno asina kugadzirisana naMwari, dai Simba rakamutsa Jesu kubva muguva, ramutsiridza mitumbi yavo inofa, Ishe, nemweya yavo, uye rivatendeutsire kwaMuri. Zviitei, Ishe. Avo vasina Mweya Mutsvene, dai rino rikava zuva rimwe guru ravasingafe vakakanganwa, nokuti dai rikava zuva iro Mwari vadurura Mweya waVo pamusoro pavo. Zviitei, Ishe. Tiregerereiwo zvivi zvedu.

Tinonamata kuti Muropafadze Hama Sullivan, shamwari yedu ine nyasha uye inokosha, uye nepfungwa dzavo kuvanhu, nekuedza kuvaunzira mukana wose wavanogona, kuvabatsira. Ndinonamata kuti Mugaropafadza Hama Sullivan.

Ropafadzai vashumiri munyika yose, kwose-kwose. Vapei zvakawanda zvikuru, Ishe. Ngavamire nehushingi papurupiti vagoparidza Shoko raMwari, nokuti tiri kurarama munguva yekuvharwa kwenhoroondo yenyika ino. Runako rweNyu ngarwutifukidzire panguva dzino. Nekuti tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

Garai henyu pasi.

Ndinokutendai zvikuru imi vanhu, sokuna Mwari, nokuda kweizvi. Hama Sullivan vakazvitorera mutoro wacho pachavo. Munoono, zvinenge zvisina kunaka kuti Hama Sullivan vaite izvozvo, saka tanga takagadzirira kuzvigadzirira. Tinokutendai nemutsa wenyu.

² Uye, zvino, nekuda kwemu—mupiro werudo, iwo... manga musingafaniri kuita izvozvo. Kwete, izvozvo zvanga zvisina kukosha. Munoono, chete...vanobhadhara zvinoda kubhadharwa, hotera nechikafu, zvatakava nazvo, uye ndizvo chete zvanga zviine basa. Asi ndinokutendai, zvikuru, uye uchaenda kunobatsira kumishinari nekuunza vanhu kuna Mwari. Hapazovi nefodya inotengwa nawo, chero hwiski,

hapana chakaipa, uchaendera chinhu chakanaka. Uye ndinonamata kuti Mwari vachazvirangarira kwamuri kumusoro uko, uye vozviwedzera zvakapetwa zviuru gumi, dhora rimwe nerimwe, kana—kana kobiri, kana nikeri zvamakapa kuitira shumiro ino.

³ Uye, zvino, ndinoda kutenda Mauto eUnited States nekuitendera kuti tive nechivakwa chino kugarira machiri, kuti tive neshumiro idzi. Zvirokwazvo ndinovatenda nomwoyo wangu wose.

⁴ Uye sokunzwisisa kwandinoita, Hama Sullivan vati zvinhu zvose zvichabhadharwa nemazvo. Hatisati tambosiya guta nazvino, tiine chikwereti chesendi rimwe, asi kuti zvese zvakagadziriswa; isu hatingotendi mune chero chinhuwo. Haufanirwe kunge uine chikwereti nechero munhu, iwe unofanirwa kuve wakatendeka uye wakatwasuka. Zvino kana uwe chikwereti nemumwe munhu, enda unotarisanana navo uvaudze kuti une chikwereti chavo, asi kuti vangokupe nguva shoma, zvino unozochibhadhara. Maona? Nguva dzose, zviri nani. . . Ndiwo mucherechedzo wakanaka weChikristu: kuva wakatendeseka, wakarurama.

⁵ Unoda kurarama zvaunotaura nezvazvo. Kana usingazvirarame iwe pachako, unatarisira sei kuti mumwewo munhu azvirarame, munoona. Saka muri tsamba dzakanyorwa, dzinoverengwa navanhu vose, naizvozvo ivai makatendeka, makarurama, vechokwadi nguva dzose. Taura chokwadi, zvisinei nokuti chinorwadza zvakanyanya sei chimwe chinhu. Taura chokwadi, zvakadaro, nokuti unokwanisa kuchitaura nenzira imwe chete nguva imwe neimwe. Uye kana ukataura nhema, unofanira kutenderera mamaera miriyoni, uye zvakadaro unotofanira kudzoka kunhema iyoyo zvakare; uye unenge uchangobva kuita chinhu chakaipa. Ingova wakatendeka, uye unogona kuzvitaure nenzira imwe chete nguva dzose nekuti ichokwadi.

⁶ Ndizvo zvazviri neBhaibheri. Zvitaure nenzira yazvinotaurwa neBhaibheri, usazvirerutse, zvitaure nenzira iyoyo chaiyo, chete. . . zvakanyorwa ipo pano uye—uye unogona kunongedza munwe wako kwazviri. Ndizvo—ndizvo. . . ndiyo nzira yaunokunda nayo Satani. Satani akati kuna Jesu, “Kana Uri Mwanakomana waMwari, ngatiKuone uchiita chishamiso. Vanoti Uri ‘muiti wezvishamiso.’ Shandura mabwe aya ave chingwa, uye ngatione. Une nzara.”

⁷ Akati, “Asi zvakanyorwa zvichinzi, Munhu haangararami nechingwa chete.” Maona? Akatora Shoko raBaba ndokukunda dhiyahbhere, panzvimbo yake chaipo. Saka unogona kuita zvimwe chetezvo, kukunda dhiyahbhere panzvimbo yake, neShoko raShe.

⁸ Zvino, ndichagara ndichitenda Hama Sullivan. Ichi ndicho... Regererai chirevo ichi: Ndinofunga pavakagadzira Hama Sullivan kuti Vakangorasa patani yacho. Hakuna mumwe akafanana navo. Pane murume mumwe chete wandakambosangana naye muhupenyu hwangu anondiyeuchidza nezvaHama Sullivan, aive E. Howard Cadle. Handizivi kana vaimbomuziva here kana kuti kwete, vanobva—vanobva... Hama Cadle vaingove mukomana akanaka wekare wekumaruwa saHama Sullivan. Uye vaidzikisa maoko avo zasi muhomwe dzavo zasi kwazvo kusvika masikuruubhande avo adhonzerwa zasi-zasi, uye votaura vakarerekerwa musoro wavo parutivi, uye vaingova mumwe E. Howard Cadle. Zvino saka ndiri—ndiri kufara kwazvo kuva naHama Sullivan seshamwari uye nehama muEvhangeri. Uye ndinonamata kuti Mwari vavaropafadze nechechi yavo diki kumusoro kuno, mudzimai wavo anokosha, vadikanwi vavo.

⁹ Uye nekwamuri, vamwe vashumiri vari pano, kwamuri neungano yenyu, vaparidzi veVhangeri Rakazara, pazvinhu zvidiki zvinoti netsei kunzwisisa zveMagwaro tinogona kusawirirana. Handibvumirane nemudzimai wangu pane zvimwe zvinhu. Uye munoziva here kuti zviri pane chii? Anofarira pai yeapurosi uye ini ndinoda cheri, saka hatibvumirani. Uye ndinokuudzai zvandinoina neyangu: ndinoda chimedu chakanaka chinopisa chepai yecheri (ndingatoida izvozvi) ndobva ndadira bhata pamusoro payo, ndozodira manyuchi pamusoro pazvo; zvino, hama, une chimwe chinhu chinokodzera kudyiwa! Mudzimai wangu anoitya. Ndinofunga kuti anotya zvinofutisa muviri. Anogona kuifarira, asi munoziva zviri madzimai, vanotya... Vanoondoroka zvekuti unogona kuvabaya nepini wovacheka kusvika pabhonzu, asi zvakadaro vanoda ku—vanoda kudzikira. Ndiwo hunhu hwavo, ndinofungidzira, saka kune... Uye, asi ndinozvifarira. Zvino, hatibvumirani pamusoro peizvozvo, zvimwe zvinhu tinoita zvakanaka. Asi, munooona, hatisi mukuwirirana zvizere. Saka tinoona chinhu chimwe chete, hama, asi chinhu chikuru, tiri kudya pai, ndicho chinhu chikuru.

¹⁰ Zvepamavambo, pamusoro pekubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, uye nokuuya kwaKristu, uye nedzidziso huru dzevhangeri dzepamavambo, dzeBhaibheri, zvirokwazvo tinomira takabatana maoko pazviri. Semubatanidzwa mukuru mumwe wehama, pasina kana chidziviso chesangano, pasina chero chinhu chinotitadzisa, tinofora takananga kuKarivhari sehondo imwe huru, pamwe chete.

¹¹ Kana ndiri ndingakwanisa kuva batsiro kwamuri, ndichafara kuzviita. Uye ndine chokwadi chekuti maizotaura zvimwe chetezvo kwandiri. Uye munogona kuva batsiro kwandiri. Uye ndicho chinhu chimwe chamunogona kuita, chandinoziva, kundinamatira, kuti Mwari vasambondirega

ndichitsauka. Ini—ini—ini . . . Hazvisi mumoyo mangu kutsauka, ndi—ndinoda kufamba zvakanaka, ndinoda kuita izvo zvakanaka. Nokuti ndinocherechedza, sezvandakaudzwa naHama Jack Moore pane imwe nguva, vakati, “Hama Branham, handingamiri mushangu dzenyu pachitiko chenyu chese, paZuva reKutongwa, nokuti Mwari vachada kwamuri mhinduro huru,” vakati, “nokuti Vakakupai mamiriyoni evanhu mumaoko enyu.”

¹² Zvino, kana ndichiziva kuti ndichamira ipapo ndopindurira vanhu ivavo, zvino iEvhangeri yerudzi yandinofanira kuparidza? Kuperera kwakadini, kana ndakabata vakatengwa neRopa raKe mumaoko angu? Uye sekundipa kwaVakaita chipo kuti . . . pasina mumvuri wekupokana, chero munhu upi zvake anofunga zvine musoro anoziva kuti zvinofanira kunge zvichibva kuna Mwari. Uye naizvozvo, kana ndikatungamirira mumwe munhu munzira isiri iyo nokuda kwekuti rimwe boka rakataura kudaro, Mwari vanozondiita kuti ndizvibhadharire paZuva reKutongwa.

¹³ Asi pandakaona chiratidzo, pano kasiri kare, ndokunzwa vanhu ivavo vachidanidzira . . . Makawana here bhuku renyu diki nezuro manheru? Re—reBusiness Men’s *Voice*. Zvakanaka. Uye muchiratidzo . . . Pane imwe nguva tichaiita kuti chidhindwe zvizere; hazvisizvo zvese. Asi mune izvozvo, uye ndichiona izvozvo, uye ndakamira ipapo seku—sekumira kwandakaita zvino. Ndakanga ndakazvitarisa ndakarara ipapo pamubhedha, ndakatarisa mudzimai wangu, asi zvakadaro ndakamira kuno ndakazvitarisa. Zvino hevanoi vanhu vava vakamira ipapo saizvozvo pandakati, “Ko Pauro achatongerwa Evhangeri yaakaparidza here?”

¹⁴ Vakati, “Hongu.”

¹⁵ Ndikati, “Ndakaparidza Shoko rose nenzira chaiyo—chaiyo yaakaita.”

¹⁶ Zvino mamiriyoni akadanidzira, “Takazorora pane Izvozvo!”

¹⁷ Ndiyo nzira yandinoda kuti zvive pandinoyambukira ikoko, maona. Ndinoda kuti zvive saizvozvo, kungove saizvozvo, zvakangotaurwa naPauro. Handidi kuwedzera chinhu chimwe kwaZviri, kubvisa chinhu chimwe paZviri. Zvakangotaurwa neBhaibheri, ndiyo nzira yandinoda kuti zvirambe zvichenderera mberi, munoona. Uye chokwadi, iwe zvichengete zvakadaro, masangano kumativi ose ari kuzosimudza chidziviso chichipesana naRo.

¹⁸ Uyezve, nguva zhinji, hama dzinofunga kuti ndinopikisana nehama dzangu. Mwari vanoziva zvakasiyana pane izvozvo, chero bedzi Vachiziva zviri chokwadi. Maona? Hakusi kupikisa hama, hurongwa ndihwo huri kutiita kuti tisave hama. Harisi Shoko raMwari riri kutitadzisa kuva hama,

hurongwa hwatinojoinha hunotitadzisa kuva hama. Ndizvozvo. Saka, tinofanira kumira papi? Mira paShoko, uye Mwari vachadhonzera vanhu vose kwaRiri (ndizvozvo) pa—pazviri. Usambozviite sangano, kuzviita zvesangano, ingozvichengeta zviru muna Mwari, uye woramba uchienda mberi; wakangotarisa kumagumo, ramba wakabata, Mwari vachaunza zvimwe zvacho zvese.

¹⁹ Pane zvinhu zvakawanda zvamakandiitira, zvandinotenda kwazvo. Zvino kana ndikakwanisa kukubatsirai, nekukupai mucheka wakanamatirwa kana chimwe chinhu. Zvino, musandibvunza dzidziso, nokuti ini—ini handishuviri kuita izvozvo. Vanhu vazhinji kwazvo vanondinyorera mibvunzo pamusoro pekuroorana nekurambana nezvimwe zvakadaro, zvinova nyonganyonga muhechi. Ndinogara ndichivadzosera, ndoti, “Bvunzai mufundisi wenyu.”

²⁰ Vanhu vakandinyorera tsamba pano vachiti, “Ko *izvi*? Uye ko *izvo*?” Ndinodzose tsamba yacho, uchaiwana. Ona mufundisi wako pazvinhu zvidiki nekuti, shure kwezvose, ndiye mufudzi wako. Iye—ndiye—ndiye akatumwa naMwari kuti akutarirei. Uye tinogona kusawirirana pazviri, uye zvadaro zvokonzerwa nyonganyonga muhechi yenyu. Hatidi zvakadaro. Kwete! Kwete! Tinongoda kuti murege kuita zvinhu zvakaipa, zvinhu zvisiri muBhaibheri, uye moramba muchifambira mberi kuna Mwari. Maana? Uye kana ukakonzerwa kupesana kudiki nezvimwe zvakadaro, zvinovhiringa chechi. Saka, ndingada hangu kuti mufundisi wenyu akuudzei nezve kuroorana nekurambana, nezvinhu *izvi* nezvinhu *izvo*, regai azviite. Iye muranda waMwari zvakare, uye akapihwa zvikwanisiro zvacho zvekuita izvozvo.

²¹ Rangarirai muSamaria akanaka akawana murume akakuvara? Akamuunza kuimba yavaeni (ndiyo chechi) uye akapa murume weipapo makobiri maviri, uye akamuudza kana achizoda imwe aizomubhadhara kana auya. Saka, ane makobiri maviri, anokwanisa kukurapa kana ari munhu waMwari. Kana ari munhu waMwari anomira paShoko raMwari, a—ane izvo zvaakapiwa naMwari: Mweya neShoko. Ndizvo here? Ko tinofanira kunamata sei? MuMweya *nemuZvokwadi*. Uye Shoko ndiro Zvokwadi. Ndizvo here?

²² Zvino, ndinokutendai zvikuru, zvakare. Uye zvino, ndakaneta zvakanyanyisa, uye ndakaneta chaizvo masikati ano, handifi ndakafunga zvekugara mune imwe hotera chero ndichiri kurarama. Pati huru yekudhakwa, uye husiku hwese, vachirova magonhi nekudanidzira, nemadzimai. . . Oo! Ndangogara, husiku hwese. Ndizvo zvoga. Uye saka ini—ini handifi ndakafunga kuva neimwe hotera. Ndichaenda kumotera. Ndichazvitsvagira karori kuti ndirare makari, kunze pasi pane imwe nzvimbo. Ndichaiwana, ndozviwanira tende nebhegi

rekurara mariri, kana kumwe kunhu kwandinogona kuva ndega, kune imwe nzvimbo. Ndizvozvo chaizvo.

²³ Izere nezvivi, nyika ino, ndosaka! Yazara nazvo, uye yakaora kusvika kwekupedzesera. Kumusoro kuno chaiko mune imwe nzvimbo, mudunhu renyu. . . Kwete dunhu rino chete, kwese-kwese. Kumusoro kuno chaiko, makore mashoma apfuura, ndaive ndiri mu—mumusangano wekunamata kumusoro kuno mudunhu rino, muguta guru. Zvino husiku ihwohwo boka rechinamoto, chechi yeorthodox iine vezera rekuyaruka, vaiva nekonivhenisheni. Ini—ini handina. . . Ndakambenge ndiri muAfrica pasi pezvemasvikiro nezvose, handina kumbonzwa chero chinhu chakadaro. Zvino mangwanani aitevera, (handikwanise kukuudzai chaizvo, tiri ungoro yakavhengana). . . zvaiva pasi, zvinhu zvehunzenza zvakanga zvaitwa, mabhodhoro ehwiski ari kwese-kwese. Uye vana vadiki ivavo, vakomana nevasikana vari mukamuri imwe chete husiku hwese, pamwe chete. Zvino mangwanani akatevera, “baba vatsvene” vakagara kunze uko, zvino ivo vaiuya vachimupfugamira saizvozvo. Pasi peZita raJesu Kristu!

²⁴ Ndava kupenga here? Ko—ko ndakamboita seiko ini? Handitongogoni kugamuchira zvinhu izvozvo! Izvo. . . chimwe chinhu chinondizunguza kuita zvidimbu pandinozviona izvozvo. Ndiko kumiririra Ishe Jesu wangu here ikoko? Pati yekudhakwa, isina hunhu ine zvinhu zvehunzenza izvo. . . zvakashandiswa pamajaya iwayo nemhandara, zviri pasi nemumabhini emarara, nemabhodhoro ne. . . Oo, nai, veduwee! Ungazviti Chikristu here? Ndosaka nyika iri muchimiro chezvivi. Saka, mutadzi anotii kana akazvitarisa izvozvo? Zviuru zvavo.

²⁵ Vasikana vechidiki ivavo vakadhakwa zvikuru zvekuti vaisakwanisa kana kusimuka, uye vari mukamuri husiku hwese nevakomana ivavo, uye nekutaura kwakasviba kwakaipisisa kwawakambonzwa muhupenyu hwako. Ndakaisa mapiro mumusoro mangu *sekudai*, kuti ndiedze kukotsira. Kunze pasi, vakadhakwa, uye vachimhanya vachikwira nekudzika saizvozvo, vari vanamati!

²⁶ Zvino, ndinogona kutarisira kuti vanhu ava vanoita zvivi, zvino, vanozviti mitambo, kunze uko mumutambo webowling. Mumwe wevana vangu akatanga kuenda kunotambirwa bowling, ndinomudzanga munyika. Uh-huh. Kudana izvozvo kuti mutambo, hausi mutambo. Chii ichi. . . Kana uchida kururama, gadzirirana naMwari. Chokwadi.

²⁷ Ndinoda kukuverengerai, anongori mashoko anobva muBhaibheri. Munowana mashoko mashoma aya andiri kuda kuverenga pano sechidzidzo, anowanikwa muchitsauko 17 cheMadzimambo Okutanga, ndima 1.

. . . NaJEHOVHA mupenyu Mwari waIsraeri, iye wandimire pamberi pake, hapangavi nedova kana

mvura inonaya mumakore aya, . . . maererano neshoko rangu.

Madzimambo Okutanga, chitsa-1 . . . chitsauko 17, ndima 1.

²⁸ Kana ndikakwanisa kukutumirai mucheka wakanamatirwa, chero nguva, ingondinyorerai; munyori wangu muhofisi pano, atori pano zvino, Hama Maguire. Vangani vakambowana mucheka wakanamatirwa kubva kwatiri? Ngationei ruoko rwako. Simukai, Hama Jim. Ndinoda kuona kune . . . imi, nomudzimai wenyu zvakare. Heunoi munyori wangu muhofisi nemudzimai wavo, avo vanoshanda, vakatumira . . . Ndiye mukomana nemusikana vanokutumirai micheka yenyu yakanamatirwa kubva kumusanganano, vose vaviri Makristu vane hutsvene. Uye izwi, izwi diki riya rinotapira ramunonzwa pafoni kana muchindifonera, ndeuyo mudzimai mudiki akagara apo, mudzimai wavo. Baba namai vake, nevamwe, vari pano nesu nhasi; ne—nevadikani, kwese-kwese. Saka . . . Uyezve munoziva munyori wangu mumunda wekuvhangeri, VaMercier, Hama Leo Mercier, vari pano pane imwe nzvimbo, naHama Gene Goad. Uye saka kana tichikwanisa kukutumira jira rakanamatirwa, chero nguva, chero chinhu chatinogona kuita, kukunamatira parunhare; chero chipi chatingaite, tinozviita.

²⁹ Murume uyu anotaridzika zvisinganzwisisike ane tsvimbo muruoko rwake, nhanho dzake dzakadzikama, maziso ake achipenya neKubwinya kwaMwari, ndebvu dzake dzichipeperetswa parutivi pake, akaputirwa nechidimbu chedehwe rehwei rakare rine makushe, akanga achitsika nhanho yake zvakadzikama achifamba achidzika nomugwagwa unoenda kuSamaria. Akanga asiri munhu anonyanya kutaridzika, asi aiva neZVANZI NAJEHOVHA kurudzi rukuru irworwo rweIsraeri. Hongu, Eria muTishibhi, muprofiti waJehovha. Akanga asiri munhu anonyanya kutaridzika zvakanaka, asi akanga aine Shoko raShe.

³⁰ Akanga asingatyi kumira pamberi pamambo, nokuti akambenge ari muHupo hweaiva mukuru kupfuura mambo, akanga ari muHupo hwaJehovha. Naizvozvo, aiziva paakanga akamira. Zvino paakafamba pamberi pamambo haana kuzengurira pakutaura kana kukakama, aiziva zvaaitaura nezvazvo. Aigona kuti kuna mambo, “ZVANZI NAJEHOVHA MWARI WAISRAERI, ‘Hapazovi nemvura inonaya kana dova kusvikira ndaidana.’” Sei akadaro, “Kusvikira ndaidana. Maererano neshoko *rangu*”? Nokuti akanga ane Shoko raShe, akanga ari muprofiti, uye muprofiti ane Shoko raShe.

³¹ Chinhu chinokatyamadza kuona kuenderana pakati peIsraeri yemuTestamende Yekare neAmerica zvino. Dzose dziri mbiri dzaive nyika huru. Dzose dziri mbiri dzakanga dzakavambwa, uye vanhu vavo vakanga vauya ikoko, nokuda kwekutambudzirwa chinamoto.

³² Israeri yakanga yatambudzwa naFaraao uye yakanga yave muhuranda kwemazana emakore, uko kwavaidzviswa kunamata Mwari wechokwadi uye mupenyu. uye vakanga vatorerwa mukana iwoyo; zvino vakava nhapwa, Asi Mwari vakanga vavaitira vimbiso muBhaibheri raVo, kana kuti muShoko raVo, uye kubudikidza ne vaporofita vaVo, kuti Vaizovapa nyika. Uye vaizopinda munyika iyi vodzingira kunze vagari venyika iyoyo, uye vakatora nhaka yavo, nokuti Mwari vaiva nechinangwa chokuzviita.

³³ Ndizvo zviriwo nyika yedu ino huru. Takauya pano, uye paPlymouth Rock nyika ino yakavambwa parusununguko rwekunamata nekuti madzitataguru edu akange atiza kutambudza kweRoma kwehurongwa hwechizvino-zvino hwaJezebheri, uye vakange vauya vakamisisdzana nekutambudzwa kuzhinji kukuru nekuurairwa chitendero pasi pehurongwa ihwohwo hwenhema hwaJezebheri. Zvino maererano neBhaibheri, raZvakazarurwa, chitsauko 13, Mwari vakanga vavavimbisa nzvimbo yekuzorora, uye nenzvimbo, nokuti mudzimai akatakurwa murenje kwaakapihwa chikafu kwechinguva, nguva, nehafu yenguva. Mwari vakanga vaita vimbiso kuAmerica, kana kuchechi (kumudzimai), kuuya munyika ino.

³⁴ Makacherechedza here Zvakazarurwa 13? Zvimwe zvikara zvose zvakanga zvakabuda mugungwa, mvura; Zvakazarurwa 17:17, inoti, “Mvura dzawaona ndihwo huwandu nemhomho yevanhu.” Zvimwe zvikara zvose, zvakabuda mumvura, huwandu nemhomho yevanhu. Asi United States payakauya, “Yakabuda ichibva panyika pakanga pasina vanhu.” Uye rangarirai, payakabuda, yairatidzika segwayana duku.

³⁵ Zvino, gwayana rine nyanga mbiri, uye ndiwo masimba evanhu neechi. Asi paakabatana, rangarirai, zvino gwayana riya rakataura seshato yakaritangira; zvino shato yakanga iri Roma.

³⁶ Shato yakati yamira pamberi pemudzimai kuti imedze mwana wake achingobva kuzvarwa, shato tsvuku...Ndiani akamira pamberi pemudzimai Israeri, kuti aparadze Mwana Achingobva kuberekwa, zvino ndokutuma kutambudza uye akauraya vana vose kubva pamakore maviri okuberekwa zvichidzika? “Roma, shato, yakamira pane mudzimai kuti idye mwana wake achingobva kuzvarwa.”

³⁷ Uye zvakare, tinoona, kuti nyika ino yakauya senyika yakasunungurwa, uye yakanga...yaiva negwayana, zvinoreva Gwayana raMwari. Asi, mushure mechinguva, hurongwa humwe chete uhu hwatinahwo, hwakataura seshato uye hukashandisa simba rose raiva neshato yakahutangira.

³⁸ Dzinoenderana, imwe neimwe, zvakakwana. Uye rangarirai apo ava...Israeri yakauya ndokutora nyika yayo neParastina,

ikadzinga vagari vose vemunyika iyoyo, ndokutora nyika. Takapinda tikaitora kubva kumaIndia, tikavadzinga ndokutora nyika. Mwari vaiva nechikonzero nazvo. Mwari vaizoratidza nyika zvaVaigona kuita neboka du—duku revanhu vaidira rusununguko, uye rusununguko rwokunamata, kushumira Mwari.

³⁹ Chii chavakaitira Israeri Vakaita kuti Israeri ive nyika ine simba gurusu pasi rose, uye ikagara yakadaro kusvikira yabuda mukuda kwaMwari. Chii chaVakaita neAmerica? Vakaita nyika ine simba gurusu pasi rose kusvikira yave kubuda mukuda kwaMwari. Kuenderana, imwe kune imwe, chaizvoizvo.

⁴⁰ Israeri payakauya munyika, vaiva vanhu va—vakuru nekuti vaive nehutungamiri hukuru. Vaiva nevarume vaitya Mwari vaivatungamirira, vakadai saDhavhidha, Mambo Soromoni. Pasi rose raivatya, uye vakafara nemukana iwayo wokusava nehondo, vasina matambudziko, uye vachirama pasi pesimba raMwari, kusvikira vanhu vanobva kumativi ose enyika yaizivikanwa vaiuya kuzovaona. Mwari vakavapa chipo chekunzvera, chaive pana Soromoni. Zvino mambokadzi weZasi, anobva...mambokadzi weShebha akauyako nzira yose achiyambuka Gwenga reSahara (zvakanutorera mwedzi mitatu) kuti angonzwa huchenjeri hwaSoromoni. Zvino wakati achiona kuti Soromoni akange achigona kunzvera weya, uye akamuzivisa zvakanzvera zvaiva mumoyo make, akati, “Zvandakanzwa zvose pamusoro pako zvakanzvera zvire zvechokwadi, uye nezvimwezve pamusoro pazvo.” Akagutsikana kuti vakange vari Mwari.

⁴¹ Uye America, pahwaro hwemadzitateguru edu akauya kuno kuti vave nerusununguko rwekunamata...Takanga tine varume vane humwari mumazuva iwayo, sevatingamiri: George Washington, Abraham Lincoln, varume vane hunhu hwakakurumbira, vanhu vaMwari. America yaive America, mumazuva iwayo.

⁴² George Washington, pano paValley Forge, asati ayambuka Delaware, achinamata husiku hwese, kusvikira atota chaizvo kusvika muchiuo chake, akapfugama muchando. Uye mangwanani akatevera apo vemuAmerica pavakatanga kuyambukira mhiri, kwaingova nezvikamu makumi maviri kubva muzana zvavo vaiva neshangu dzokupfeka, Mauto eAmerica. Asi vaive nechavaimiririra, vaive nechimwe chinhu chavaifanira kurwira. Vaive vasina basa nezvaiuya kana kuenda. Varimi vakapinda, akamisa gejo rake ndokusunungura nzombe yake, ndokutora pfuti yake ndokuenda kunorwira chaiziva kuti rusununguko. Uye zuva rakatevera, ndinotenda kuti raive, maburi embumburu mana kana mashanu, mbumburu dzechifefe, dzakapinda nemubhachi rake nengowani uye hadzina kumbomubata.

43 Varume vaMwari, vakavamba nyika ino, varume vakuru!
Ndosaka vakanyora:

Nguva ndefu nyika yedu ive yakajeka
Nechiedza chitsvene cherusununguko,
Tidzivirirei nesimba reNyu,
Mwari Mukuru, Mambo wedu!

44 Imwe nguva yapfuura, ndakataura nemumwe mutana zasi kuCorydon, Indiana. Akandiudza nezve nguva iyo paramende yaive muCorydon, uye kuti iye... akati akaenda sei ari mungoro yemombe kuti anzwe ga—gavhuna achitaura. Zvino iye nagavhuna ndivo chete vaviri, vaiva vakapfeka sutu, yebhachi netirauzi, pavari. Akati aichengeta makwai zvino achiaveura, nokusuka makushe awo, hanzvadzi dzake dzakagadzira shinda ndokumugadzirira bhachi raienderana netirauzi rake. Zvino muchinda mutana akagara ipapo, ari ipapo wemakore angangoita makumi masere nemashanu kana makumi mapfumbamwe okuberekwa, akadhonza ndebvu dzake *kudai*, zvino ndokuti, “Billy, ndipo apo *Amerikee* yaiva *Amerikee*.”

45 Ndakatarisa muchinda mutana, uye ndikafunga, “Vakomana, iweka, vazhinji vevadiki ava havangazvitende, asi muri kutaura chokwadi.”

46 Chii chakaitika kune Israeri mushure menhoroono yose iyi yohumwari? Vakatangana kusava nehanya. Vakatangana kusvika panzvimo iyo ivo, zvokuti, vakanga vachisina basa nezvaiitika. Vakatangana kuregedzera mukunamata kwavo kuna Mwari, kunyange zvazvo vaiva vakabata chimiro chechinamato chakangofanana nechatinacho. Vaive nechimiro chehumwari. Asi vakatanga kusununguka nevanhu vavo, uye—uye vakatanga kuunza dzidziso dzakatsauka dzakasiyana muchechi mavo. Kunamatwa kwaBhaari kwakatanga kuverevedza kuchipinda, uye Israeri yakatangana kupengereka nemafaro, kudhakwa. uye nezvinhu zvakadaro, uye pakupedzisira ndokuunza mutungamiri akanga asingazivi Mwari; Ahabhu, uyo akatsiva baba vake. Uye baba vake vakanga vari munhu asina humwari, mupfumi, asi ari munhu asina humwari. Uye akaita zvivi zvole, kupfuura zvakamboitwa naani zvake akamutangira. Asi Israeri, mukudhakwa kwavo zvekusvika pakusaziva, vakaisa munhu akadaro, ndokumugadza pachigaro chehushe kuti ave mutongi pamusoro pavo. Vakafunga kuti zvaive zvakana, sezvinongoita vemuAmerica vazhinji nhasi, “Ndewe zvevatongerwo enyika akanaka, saka zvine mutsauko wei wazvinoita? Hazvizoite chero mutsauko upi zvawo, nekuti ndewe zvevatongerwo enyika akanaka.”

47 Vazhinji vemuAmerica, vakawandisa vavo, vakatengesa hudangwe hwavo, sevemuAmerica, ndokuti, “Zvine mutsauko wei wazvinoita, chero bedzi uchiwana mamwezve madhora mashoma kubva kuhurumende uye uchirarama?” Vakatengesera

kuitira dumbu, uye nekuruchiva nekushuva nyika izere nezvivi. ndokukanganwa chinhu chaicho chatakasvikira paPlymouth Rock. Vakakanganwa nhaka yedu, vakaenda vakanotengesa kumhomho inopengereka nemafaro. Sezvazvaiva mumazuva eIsraeri, ndizvo zvazvange zviri, vemuAmerica vakatora nzira imwe cheteyo, ichidzika chaiko nenzira imwe cheteyo, mafaro!

⁴⁸ Mushure mechinguva, hurumende yakatendera chivi: “Chero bedzi waiva nesinagoge, zvaiita mutsauko wei?” Ndzivo chaizvo zvakaitwa neAmerica. Zvino takatanga kuzvironga pamwe chete nekuita mapoka maduku, uye nokuwedzera kuita zvivi, tichiwedzera kuita zvivi, tichiwedzera kuita zvivi. Tingadai takagara nezvatinomiririra chaizvo zvatakasvikira kuno! Chivi chakatanga kuverevenda chichipinda mumachechi sezvachakaita ikoko. Vakadzi vakatanga kugera vhudzi ravo, vachipfeka mbatya dzisina hunhu, vachidzidimura gore roga-roga uye... Zvino varume vakatanga kuita *izvi*, *izvo*, *nezvimwewo*, nokutamba makasa nekuita mitambo yemadhaiza mumachechi, uye vangori vemunyika sezvavaive, kupengereka nemafaro, kudhakwa zvekuszava zvavari.

⁴⁹ Vashumiri vachipedza kudzidza kubva kuseminari, uye mubhishopi achiti, “Paridzai, vakomana, chero zvamunoda. Sekuona kwangu, ropa raJesu Kristu rakaoma makore chiuru chine mazana mapfumbamwe akapfuura.” Kusvikira chechi yakasvika pakusava chinhu kunze kwesangano, sekirabhu. Musambofa makakanganwa masikati ano! Ndokuva sekirabhu, nyika ikatanga kuverevendzamo, vashumiri vakatanga kurerutsa sezvavakangoita mumazuva aAhabhu. Vachiita zvivi, vakaora kusvika kwekupedzisira, uye zvichingoenda nekuenda zvinopfuirira mweru.

⁵⁰ Kuyangwe Mwari vakavatumira muporofita pamusoro pemuporofita, uye netsitsi nyoro Vakagombedzera vanhu, zvino ivo ndokuZvifuratira. Vaida nenzira yavo, vaive vaIsraeri, vaive vakasununguka, vaiva rudzi rukuru, madzitateguru avo akaita *zvakati nezvakati* (Dhavhidha naSoromoni), vaigona kuita zvavaida. Zvingori zvimwe chetezvo zvatakazviisa pazviri, chaizvo; izvo Washington, madzitateguru edu, uye zvavakamiririra. Asi, hama, tiri mamaira miriyoni kubva kuzvinhu izvozvo; machechi edu ari, mamaira miriyoni.

⁵¹ Yekare... Chechi yeMethodisti nhasi, kune zvaimbove chechi yeMethodisti kare! Zviri Pentekosti nhasi, nezvayaimbova kare! Zviri Baptisti nhasi, kune zvayaimbova kare! Tikava nenguva yekudzokera shure kuti titaure nezvaJohn Smith nevashinji vevavandudzi vekutanga. John Smith akati, asati afa, akati, “Chinhu chakaipa kwazvo ndechekuti vakadzi veMethodisti vave kutanga kupfeka mhete dzegoridhe paminwe yavo.” Methodisti! Aizoti kudii nhasi achivaona vaine bvudzi ravo rakagerwa, nependi kumeso kwavo kwese, vachipfeka zvikabudura? Imhaka yechivi!

⁵² Mwari vakaita sei muAmerica? Vakatumira rumutsiriro pamusoro perumutsiriro, rumutsiriro pamusoro perumutsiriro. Vashumiri vakaparidza Shoko, vakaedza kudaira vanhu kuti vadzoke kuna Mwari. Zvino vakaita sei? Chinhu chimwe chete chakaitwa neIsraeri, vakaRiramba! Vakavaseka! Vakavadaidza kuti “vaumburuki vatsvene”! Vakavakanda mujeri!

⁵³ Kana dai mumwe wehanzvadzi dzangu uye nemumwe wehama dzangu, vanobva muchechi muno nhasi, vakamira muhotera imomo manheru akapfuura uye vakasimudza maoko avo uye vakarumbidza Mwari nekudanidzira mukamuri imomo, vangadai vari mujeri nhasi uno pamusoro pazvo. Asi boka rakadhakwa zvekusaziva zvarinoita, remapenzi “vaumburuki vasina hutsvene” rinogona kumira ipapo richidanidzira husiku hwose; uye vakadhakwa, uye nokutukurira nokubvisa vakadzi vavo nguwo nekungoenderera, uye vachiwira pasi vodanidzira husiku hwose, uye kunyange havatogoni kuti bufu pamusoro pazvo. Ndosaka taparara pasi peruoko rwaMwari!

⁵⁴ Cherechedzai, zvichiramba zvichienda mberi, Mwari vakatumira vashumiri, vakaita zviratidzo nezvishamiso, vachiratidza Shoko raVo. Uye zvakanyanya zvacho, vafundisi vazhinji vechimanjemanje vakaRiramba uye vakaseka rumutsiriro rwega-rwega. Zvakaita seinonzi Church of Christ navo, “Mazuva ezvishamiso akapfuura.” Vachiedza nepavanogona napo kuti vazvivharire kune vashoma ivavo vakasara vaMwari. Sezvazvaiva muIsraeri, ndizvo zvazviriwo nhasi. Nguva zhinji, Mwari vanotozotora vanhu vaVo kubva muzvirongwa izvozvo nemasangano, vovaendesa kunze murenje vari voga, kuti vataure navo. Zvino Vachange vaine vakasara, musanetseka nazvo. Vakazviita kareko, Vachazviita zvino. Vakaramba vachipfuirira mberi vachipinda muchivi, vachingofamba nemuzvinhu. Sei? Hutungamiri hwavo, hapana chekuzvimisa.

⁵⁵ Zvakanaka, chokwadi, ndinoziva nyika zhinji dzekuti kana vakabata vanhu mumugwagwa vakapfeka sezvatinoita muno muAmerica, vaivaisa mujeri. Pandakaenda kuSaint Angelo, kuRome (zvino, zvifungei, nekuderera kwacho kwayakaita), vaive nechinyorwa kumusoro uko, panzvimbo yepasi yaMutsvene Angelo, “Kune vakadzi vekuAmerica: “Tapota pfekai nhumbi muremekedze vakafa.”

⁵⁶ Kana paine chinhu chinokurwarisa, kuona boka revanonzi vekuAmerica vachipinda. Ndaive ndakagara pasi, kuLausanne, takanga tichinakirwa nenyama, rimwe zuva, Hama Arganbright neni. Zuva rakatevera, takadzokera nekuti kwaive kudya kwakanaka. Ndaigona kuwana mvura ikoko, hapana chimwe chavaipa kunze kwehwaini. Zvino ndaitora mvura, ndaitozovitakurira jagi remvura muruoko rwangu, nguva dzose, nekuti vainge vasingakupei mvura patafura. Zvino ndakapinda imomo, uye zvinhu zvose zvaive zvakanaka

kusvikira “Muzvare America” auya nekambwa kapoodle kadiki, kane tsvina, kaive nemadzihwa pamhuno; akapfeka zvishongo zvemuchitoro chemukambo zvakawanda saizvozvo, uye mudzanga uri kwakareba kusvika uko sezvizvi, akagara pasi ipapo achiratidzira chimwe chinhu chaakanga asiri; ndokugadzika imbwa yepoodle iya patafura, chinhu chakasviba, chine huchapa.

⁵⁷ Iyo...imbwa ndicho chinhu chakaipisisa chinotaurwa nezvacho naMwari. Kunyange chegumi kubva kwadziri hachikwanisi kubhadharwa muimba yaMwari. “Zvakafanana nechipeve, chegumi chechipeve,” Bhaibheri rakadaro. Asi, zvakadaro, hezvoka izvo. Vanoita zvokuzvidzivirira kuti vasabereke uye vobhadhara chiuru chemadhora, potse, kuitira imbwa duku yakare; uye voitungamira kwese-kwese nekuipa rudo rwemwana, kuitira kuti agone kumhanya-mhanya kunze husiku hwese, uye vachiita zvokuzvidzivirira kuti vasabereke.

⁵⁸ Chii chakamirira kunze kwenyonganyonga! Unogona kusazonzwa inzwi rangu zvakare, asi ndinoda kuti urangarire izvi: Tave pamagumo!

⁵⁹ Ipapo, tinoona zvakaitika, zvakaitika. Pakupedzisira, nguva huru yasvika. Ahabhu akasarudzwa, uye paakadaro, akarooro Jezebheri; chembere iya yakaora yakatungamirira Israeri yose mukunamata zvimupunzo. Uye sezvakaita Israeri panguva iyoyo, handiti, izvi...Vanofanira kunge vakanga vari muchinhano chokudzokera shure, kuti vagorega chinhu chakadaro chichiitika munyika yavo. Mirairo inogadzirwa nevanhu kuitira vanhu, uye taita chinhu chimwe chete!

⁶⁰ Paiva neimwe nguva apo America yaisava...vaiziva zviri nani pane kurega chipfeve chekare, mhombwe yekare yakanwa ropa revaifira chitendero, ndokuvauraya, uye chikonzero chavakatizira kuno, kuti vasununguke, vangadai vasina kubvumira chinhu chakadaro. Zvinoratidza kuti tiri muchinhano chokudzokera shure, nyika yose, kusarudza zvakadaro. Oo, chokwadi, zvino imi...vamwe venyu maDemocrats akaisvonaka akatendeseka vachafunga izvi, kuti “Oo, saka, acha—achaita mukuru wezvematongerwo enyika akanaka.” Zvinogona kunzwika sezvakanaka kumafungiro, kupfungwa yenyama. Asi kuShoko raMwari nepfungwa yemweya, hazvina musoro. Zvirokwazvo hazviiti, madhora mashoma ekuwedzera uye nemimwe mitero kana chimwe chinhu chakadai chakabviswa.

⁶¹ Uye tiri kuva nenguva yakaoma, mamishinari edu ari mumunda wekuvhangerwa nhasi, nekuti zvino tava kutorwa senyika yechiKatorike. Handiti, chokwadi, Russia inotorwa seiri communist nekuti vane mutungamiriri wechicommunist. Red China inotorwa secommunist nekuti vane mutungamiri

wechicommunist. Isu tinotorwa semaKatorike nekuti tine mutungamiri wechiKatorike.

⁶² Oo, Ahabhu paakanga ari pachigaro chehushe...Unoti, “Ari pachigaro chehushe.” Ndizvozvo, asi Jezebheri ndiye aive musoro kuseri kwechigaro chehushe ichocho. Ndiye aitotungamira. Tarirai matorero aakaita mirairo yenyika akaimonyanisa, uye achiitira kuti zvimunakire iye uye nehudyire hwake, uye akaita kuti Ahabhu azviite nokuti akanga akaroorwa naye. Uye ndizvo zvazviri nemutungamiri wedu nhasi. Handisi kuti haasi murume akanaka, asi tarisai zviri shure kwake: mhombwe, chinhu chaicho chatakamhanyira kuno (kuti tive America) chacho; zvatynomiririra chaizvo izvo America yakavakirwa pazviri. Isu, nekusarudza kwedu pachedu kwakasununguka, takasarudza chinhu chakadaro.

⁶³ Zvino munoona kuti sei inzwi rangu richazomiswa munguva pfupi iri kutevera. Asi mumwe munhu achaziva! Hongu! Sei? Zvakazarurwa 2:20, akazviti “muporofitakadzi.” Chingotaraisai saisai rechivi richiitika zvino. Tarisai mongo wazvo monyatsoenda pamongo wazvo. Tarisai zvechimanjanje, tarisai zvinhu zvisina humwari zvichiitika mumachechi. “Uye, pakupedzisira, kuchauya kutambudzwa,” Bhaibheri rinotaura kudaro, ZVANZI NAJEHOVHA! Zvirokwazvo, kuchavapo.

⁶⁴ Zvino chii chichaitika? Sezvazvakaita panguva iyoyo, ndizvo zvazvichaita zvino. Ndiye aiva simba seri kwazvo, ndiye aizvitungamira. Verengai...Ndinotenda kuti ndicho chechinomwe...chinenge chitsauko 17 kana 18, mukati imomo, muchaona zvakaitwa naJezebheri: matorero aakaita Ahabhu, uye haana chaaigona kutaura pamusoro pazvo nokuti akanga ari mudzimai wake. Tarisai apo pakange pakavakirwa nyika panguva iyoyo, muIsraeri akadzokera shure ane mudzimai wechihedheni (shure kwake) aive munamati waBhaari. Uye akaitei? Akazoita kuti zvinhu zvese zvine zvechimanjanje, uye zvakanaka kwazvo, uye vanhu vaiva nehupenyu hwakapfava kwazvo, kusvikira chechi yose yakazvidawo, vaparidzi navose. Ko Eria haana kuti here, “Ishe, ndini ndoga ndasara”? Uye sezvazvaiva panguva iyoyo, zvinoenderana nhasi.

⁶⁵ Vese zvavo vaitya kutaura chero chinhu. Hazvisi zvimwe chetezvo nhasi uno here? Vaitya kutaura chimwe chinhu. Saka tinoona kuti, vaive vakangoregedzeka, vachingoita chero zvavaita, vakadhakwa, vachienderera, vachikarira mafaro, nezvimwe zvose, sezvazvingori nhasi. Jezebheri achimonyorora Magwaro iwayo...Chii chaaka...kana kuti mirairo iyoyo, se—sekumonyorora kwaita Jezebheri. Rangarirai, Jezebheri, anozvidaidza kuti “muporofitakadzi,” kuti aise vanhu pasi pake, uye anotaura kuti ndiye “inzwi roga raMwari panyika.” Achaita kuti pfungwa yenyama itende izvozvo zvehokwadi chaizvo.

⁶⁶ “Kuchauya kunamatwa kwemudzimai, muUnited States, uye anenge ari Maria.” Ndakazviona, makumi matatu... 1931. Zvinhu zvinomwe zvakaitika. Ndinazvo chaizvo pabepa pano, neni, ndakazvinyora muna 1931. Kuti ndakataura kuti “Mutungamiriri uyu, Franklin D. Roosevelt, achakonzera kuti pasi rose, achabatsira kuzviita, kutumira pasi rose kuhondo.” Takanga tisati tasvika pakuva nehondo, munguva yekuderera kwehupfumi hwenyika. Ndakati, “Chimwe chinhu, . . .” Uye amai vangu, muDemocrat akaperera, ndokunge kana vasina kundipa rimwe ziso pandakataura izvozvo. Ndakati, “Handina basa kana aiva muRepublican kana kuti anga ari muSocialist kana chero zvaari, izvi iZVANZI NAJEHOVHA.” Ini ndikati, “Nekuita izvi, vari kubvumira vakadzi kuvhota. Uye pavanoita izvozvo, vakaita chimwe chezvinyadzi zvikurusa zvakamboitwa nyenika ino.” Ini ndikati, “Rimwe zuva vachazvibhadharira.” Uye vakazviita pasarudzo yakapfuura iyi. Ndivo vakamusarudza, vakadzi.

⁶⁷ Uye imi vanhu vechitema vanokosha, kuMaodzanyemba, mavhotero amakaita! Munoti, “Hauna basa rekutaura izvozvo papurupiti.” Oo, hongu, ndinaro, iShoko raMwari! Uye chidzvanga cha—chaAbraham Lincoln, uyo akakusunungurai, chiri uko mumuseum pahanzu yemukadzi, zvino ndokutengesa hudangwe hwenyu. Munonyadzisa.

⁶⁸ Uye imi vanhu, nokuda kwezvematongerwo enyika, nekuti unongova muDemocrat akanaka, makavhotera chinhu chakadaro, uye mukatengesa hudangwe hwenyu hwehuAmerica pamwe neChikristu, muchihupa kuchipfeve chakatiita kuti tiuye munyika ino, zvakatiita zvataiva. Munoono kuti changa chichiverevedza sei? Zviri nyore chaizvo, kusvikira zvino chive pachigaro chehushe. Chokwadi! Chigaro chehushe chekuWhite House.

⁶⁹ Tarirai! Kare. . . Makaona here rimwe zuva nezve zvikoro zvemaKatorike nezvikoro zvemaProtestanti? Vachitsigira chikoro chemaKatorike asi kwete chemaProtestanti. Maona? Oo, hama! Imi tarisai kusimuka kwesaisai rezvinhu zviri kuuya zvino. Cherechedzai, uye pavakazviita, tarisai zvakaitika. Chivi chose ichi chiri kuita murwi. Zvasvika panzvimbo uye zvapinza nyika mune imwe mhando yekudzadzarika.

⁷⁰ Makore mashoma apfuura, pavaKanga vaine. . . maPentekosti akatanga kubuda, zvakaoneswa nyika makore mashoma apfuura apo Al Smith aizokwikwidza. America yaiziva zviri nani ipapo. Asi Pentekosti yakasvika pakuita zvemunyika kwazvo ikaenda mberi ndokutengesa kodzero dzavo seMukristu, kune zveMatongerwo enyika, uye zveMatongerwo enyika zvayo pamberi peBhaibheri. Oo, ini zvangu!

⁷¹ Zvino, kwechinguva chishoma, uye tarisai kuti izvi zvinobuda sei. Zvino, tinoona zvavakaita uye nezvinhu

zvavakaita, tinozviona zvichienderana pano chaizvoizvo, chivi kwose-kwose. Jezebheri akapinda, akaroya vanhu vose. Uye cherechedzai, pakupedzisira, akatanga kuvakira Bhaari matemberi makuru. Ndizvo here? Uye vaprista vaBhaari vakapinda nehuwandu vachibva kwose-kwose kuti vapinde munzvimbo iyoyo, ndokutanga kusvibisa nyika nokunamata Bhaari.

⁷² Tarisai maitiro avakaita, tarisai mapfekerero avakaita vachipinda. Zvinhu chete zvavakaita, tarisai pavari nhasi. Tarisai chiKatorike chichimedza, chichimedza, chichimedza; kurooreramo, kutyora izvi, chaizvo zvakataurwa naDhaniera kuti vaizoita. Simbi nedhaka zvaisasangana, asi kusanganisa mbeu dzavo mumwe nemumwe, vachityora. Musikana wese muProtestanti anoroorwa nemukomana muKatorike anofanira kurera vana vake muchiKatorike. Zvese zvakadaro, kuroora, kusanganisa, saizvoizvo kusvikira zvasvika panzvimbo kusvikira United States yose yazara nazvo.

⁷³ Tichaiti semamishinari, kuenda uko kunosunungura muSouth America uye nekumativi ese enyika, Tommy Osborn nevamwe, vachiyedza kuburitsa vanhu muchihedheni ichocho zvino vanokwanisa kunongedzera munwe wavo kuno nokuti takasarudza mutungamiri wedu, uye chinhu chimwe chete. O Mwari. Chii—chii chichaitika kunyika ino? Zvinofanira kuzunguza munhu wese ari muno. Tichapindurira sei? Ko mumishinari achati kudini pavanoti, “Wauya pano kuzotisunungura kubva pane ichi, asi vanhu vako vakaisa chinhu chimwe chete muhofisi yenyu ikoko, pachigaro chehushe”? Tichaziita sei... Chii...

⁷⁴ Tarisai kumashure mumapeji enhoroondo, zarurai kumashure uye muone kana zviri—kana zviri chaizvoizvo, potse, zvinorambwa nebumbiro remutemo kuti zvidaro. Vaisazviita makore apfuura asi, munoona, takatengesa kodzero dzedu dzeChikristu kune zvevatongerwo enyika, uye ndiwo mapindiro ari kuita dhiyahore. Ahabhu akanga asiri chimwe chinhu asi aingovepo zvezita achimiririra Jezebheri. Ndizvo zvoga zvichave izvi, kungovapo zvezita. Haazviiti iye pachake, asi hurongwa ihwohwo huri shure kwake huchamuendeswa kwazviri. Ndizvoizvo chaizvo! Tsunya hana yako, iwe Mukristu. Zvipeputse, nguva yapera kupfuura zvaunofunga. Chinhanho chatiri machiri, chinhanho chavakanga vari machiri, uye kuti vakasvika pakuzviregedzera sei.

⁷⁵ Zvokuti mwoyo mukuru une rudo waMwari unofanira kunge wakachema zvakadini, nokuungudza, paVaiona vanhu vaVo vechimishinari. Vakavaita muenzaniso, nyika dzose dzichiuya kubva kwose-kwose nokuti Mwari vakanga vavaropafadza, vachivaona vari muhumwe, pamweya, vachishumira Mwari. Uye zvakare kuzofunga kuti Va—Vaishuvira kuvaona vachidzokera kurudo rwavo rwepakutanga uye vachiita izvo zvakanaka,

asi vakaramba vachienda, uye vachienda, uye vachienda, kusvikira pakupedzisira Jezebheri ndokupinda. Ndizvo chaizvo zvatakaita. Takatsauka zvishoma nezvishoma kubva pane zvatinomiririra zvaKristu. Mwari pavakatumba vashumiri vaVo munyika yose, vakaparidza hutsvene (maPilgrim Holiness, maNazarene, maPentekosti), “Dzokerai kuna Mwari! Dzokerai kuna Mwari!”

⁷⁶ Uye machechi chaiwo echinyakare akadzika midzi akangoseka nekuita jee. Vazhinji vevatendi vechimanjemanje ivavo, handiti, vakapomera vose zvakaitwa nevarume ava ndokuti “Zvaiva zvadhiyabhore.” Zvakaitei? Uye chechi yakatanga kuzviteerera, ruzhinji rwakatanga kuteerera. Chinhu chekutanga munoziva, “Kana mudzimai wechiKatorike achikwanisa kupfeka mhando yezvinhu izvi, muProtestanti anogonawo. Kana chechi yechiKatorike ichigona kuita *izvi*, muProtestanti anogonawo zvakare. Zvino kana muMethodisti achigona, ko muBaptisti? Zvino kana muBaptisti achigona, ko maPentecosti?”

⁷⁷ Munoono, ndizvo izvo hurongwa hwakagadzirwa nevanhu zvahunozokuunza mazviri. Hareruya! Ichokwadi. Ndicho chikonzero ndichipesana nazvo, nokuti Shoko raMwari rinopesana nazvo. Hurongwa hwakagadzirwa nevanhu: Mwari vanohupikisa, Shoko raVo rinopikisana nahwo, vaporofita vaVo vachapikisana nahwo, Varanda vaVo vechokwadi vachapikisana nahwo, vose vakazvarwa neMweya waMwari vachapikisana nahwo.

⁷⁸ Tarirai kuti Israeri yakasvika sei, kuti yakangoenda sei negundamusaira, kusvikira Jezebheri auya. Tarirai kuti America yakasvika sei, yakangoenda sei negundamusaira renyika, kusvikira pakupedzisira Jezebheri atora chigaro chehushe. Ndizvozvo. Zvino, Jezebheri chaizvo-chaizvo akanga asiri pachigaro cheEgipita...kana kuti, chigaro cheIsraeri, asi ndiye akanga ari musoro uri kuseri kwechigaro chehushe. Uye hutungamiri hwechiKatorike hausi pachigaro chekutonga cheUnited States, asi ndiye hurongwa huri seri kwayo nekuti yakamuroora. Uye Bhaibheri rakati, munyika ino, vaizogadzira “mufananidzo *wakafanana* nechikara.”

⁷⁹ Oh, hama, hanzvadzi, chii chanetsa? Zvakanaka, ndi—ndinoziva kuti chii. Bhaibheri rakati vaizowana zera rino reRaodhikia, uye ndipo patiri. Unogona kundivenga zvino, asi rimwe zuva hauzodaro paunozona kuti Chokwadi chii. Unogona kupesana wosimuka wobuda uchifambisa muchivakwa, izvozvo zvinongoratidza kusadzidza kwako. Asi rimwe zuva unozocherechedza, rimwe zuva uchashuva uye woziva kuti iChokwadi! NdinoZviture muZita raShe! Ndazviisa pekuti ndichapfurwa, izvo pakupedzisira zvichandiendesha muguva. Ndichava chapupu kusvikira ndafa, kana Mwari vakandibatsira. Ndizvozvo chaizvo.

⁸⁰ Hezvinoi tiri pano muchinhano chatiri nhasi, zvose hazvo zviri kuitika saizvozvo. MuIsraeri, zvakaitwa naAhabhu, aivepo zvezita bedzi achimirira Jezebheri nokuti aka-...akanga akaroorana naye. America, mutungamiri wedu, ko akaita sei...Munoziva here kuti mutungamiri wedu aive murume mupfumi? Vangani vanozviziva? Muzvina mamiriyoni. Mumwe munhu akandiudza, mumagazini kana imwe redhiyo kana terevhizheni kana chimwe chinhu, Jack Benny kana mumwe munhu akagadzira...Ernie Ford, ndinotenda kuti ndiye. Mumwe munhu akataura kuti “Baba vake vakamubatsira kuti atore matunhu maviri aive asiri ake.” Anenge atova muridzi wemamwe acho ose. Akaawana sei? Mari iyoyo yakauya sei? Kuburikidza nekutengeswa kwehwiski, nedoro zvisiri pamutemo. Ndicho chikonzero akaderedza mutero pahwiski nezvinhu. Ndizvo zvakamuita kuti ave mupfumi. Chinhu chaicho chakatukisa nyika yedu, chinhu chaicho chakasvibisa pfungwa dzevanhu vedu, chinhu chakaita kuti vakomana vedu vave zvidhakwa, nevasikana vedu kuva pfambi, mari inobva ipapo yakamuita mupfumi.

⁸¹ Chinhu chimwe chete, hurongwa hwekare huya hwaJezebheri, chinhu chimwe chete chakatambudza vanhu vedu, chinhu chimwe chete chakavadhonzera kunze (muchRoma) uye ndokuvapisa nekuvadhonza nhengo dzemuviri dzichikwachuka uye nekuita zvose kwavari, ropa rimwe chete revakafira chitendero (Bhaibheri rinoti) riri machiri! Hapo pavari, vakaroorana. Uye isu vemuAmerica tinodzedzereka tichienda, “Ah, saka, tine mamwezve madhora mashoma uye tiri kuva nenguva yakanaka. Tiri nani kupfuura dzimwe nyika dzose.” Asi, hama, imbomira zvishoma.

⁸² Ngatizvitorei vara rimwe nerimwe zvino, kwemaminitisi mashoma anotevera, tione zvakaitika.

⁸³ Vaparidzi vakafambidzana navo, ndokungodyidzana navo, ndokuenda mberi pamwe navo, hurongwa hwose. Hurongwa hwese hweIsraeri hwakafambirana pamwe chete naJezebheri. Vaiva nechimiro, hongu. Uye Bhaibheri harititaurire here kuti mumazuva ano ekupedzisira tichava “nechimiro chehumwari”? Zviporofita zvese zvazadzikiswa, hama, tava kumagumo! Panyika, tava kumagumo! Pamweya, tava kumagumo! Hurongwa hwese hwava pakuguma kwahwo! Chinhu chinotevera kuuya kwaIshe nekushandurwa kweChechi.

⁸⁴ Mwari vakatumira chiratidzo chese, chishamiso, vakaita zvese zvaVaigona kuita, vachiedza kuunza vanhu, asi vakaramba vachingoenda vachipindamo. Tarirai guta iri pano. Tarirai nyika ino yakapoteredza pano, ine makumi emazana nemazana evanhu vechiPentekosti; uye nekuda kwekumira paChokwadi, varipi masikati ano? Nokuti mumwe munhu akavaudza kuti vasabatirane nemusangano wacho. Imi vanonzwisa urombo, vakashata...Mwari vakuitirei ngoni, ndicho chinhu

chega chandingataura. Kana imi Makristu musisina musana unopfuura izvozvo, mune musana wenhema pachinzvimbo chekuva nemusana chaiwo. Ndizvozvo! Zvatinoda “kuparidza Vhangeri rine meno mariri,” rinogura-gura chinhu chacho kuita zvidimbu. Vakaita sezvakanogona vamwe vose, zvino munoshamisika kuti sei tichidanidzira nezvazvo. Zvino, munoona, nowana “kufuratirwa.” Ndinovzitarisira, ndinofanira kudaro.

⁸⁵ Izvi zvose zvakanaitika muIsraeri. Pakupedzisira, rimwe zuva, kwakauya uyo aifamba zvine ukasha achibva murenje, kwakauya murume mutana akanga achitaridzika kuva aine mvere, Eria muTishibhi. Haana kumbobuda achibva mune chero rimwe remasangano, akabuda achibva murenje! Akanga asina nechokuita navo. Akanga ari muporofita waJehovha. Hama, akazunguza humambo hwaJezebheri ihwohwo nekuda kwezwimbu zvese zvaive mahuri. Vakamuvenga. Akanga asina vaishanda pamwe naye, ndinokuvimbisai izvozvo. Bhaibheri rinoti kwete. Zvirokwazvo. Akaita kuti vanaJezebheri ivavo vakapendwa kumeso “vatsve,” ndinofungidzira. Akadzikisa demo kumudzi wemuti sezvakanaita Johane, zvimeu zvichinowira chero kwazvaida, asi akaridzikisa imomo. Akazunguza nyika, achiratidza kuti vakanga vakanganisa, uye achiedza kuvadanira kuti vadzoke kuna Mwari wechokwadi mupenyu, uye kudzokera kuShoko raVo pachinzvimbo chekunamata Jezebheri.

⁸⁶ Chii chavakaita? Vakamugamuchira here? Vakamuvenga! Asi Shoko rake rakaenda mberi zvimwe chetezvo, nokuti akanga ane ZVANZI NAJEHOVHA! Mwari vakashanda naye, uye vakaratidza kuti akanga ari muporofita akazodzwa nezvimbu zvaakataura zvaitika. Uye zvose zvakaita zvakaridzika kuti akanga ari muprofita waMwari. Asi zvakanadaro vaisaZvitenda, nokuti akawisira pasi dzimba dzavo dzemitambo. Akavaudza kuti vakanga vachikanganisa. Ahabhu akanga ari mushandinje. Chokwadi! Uye munocherechedza kuti havana kumutenda, asi akaZviparidza zvakanogona. Hapana kana mumwe wevaparidzi akabvumirana naye, akati, “Ndini ndega ndasara, Ishe. Vatarisei, havatombo...mumwe, hapana anotsigira.” Asi aive nebasa rekuita uye akariita. Aiva neShoko raShe, ZVANZI NAJEHOVHA! Zvino akarwisa nyika, akarwisa chechi, akarwisa zvose zvaivapo, uye Mwari vakanga vainaye!

⁸⁷ Takavimbiswa, mumazuva ekupedzisira, kuti achadzoka kunyika ino zvakanadaro. Ndinoziva, Jesu, apo...Mateo 17, pavakaMubvunza, “Sei vanyori vachiti, ‘Eria...?’”

⁸⁸ Tarisai zvaAkataura, “Eria zvechokwadi anofanira kuuya kutanga,” zvakanopfuura, zvazvi...munguva ichauya. Asi Akazopa Johane semuenzaniso. Johane akanga asiri Maraki 4. Johane aive Maraki 3, “Tarirai, ndinotuma nhume pamberi paNgu, kuti agadzirire nzira.”

⁸⁹ Maraki 4, Akati, “Zuva guru rinotyisa raJehovha risati rasvika, apo nyika yose ichapiswa seuswa; zuva iroro risati rasvika, Ndichatuma Eria.”

⁹⁰ Uye akange asiri Johane, nekuti Ishe havana kumbobvira vapisa nyika pakauya Johane. Uye kana mukacherechedza, uye muchitsauko chokupedzisira, mundima yekupedzisira, Akati, “Uye iye . . .” (tarisai: *uye* achitaura) “. . . achadzorera mwoyo yamadzibaba kuvana, *uye* nemwoyo yavana kumadzibaba.”

⁹¹ Zvino tarisai! Johane wekutanga akauya, Eria wekutanga, chii chaakaita? Akauya ndokuunza Mharidzo uye akatendeutsira mwoyo yakaoma yechitendero chemirairo chakare pakutenda kwechechi duku, vana. Asi Eria anotevera paanouya, munguva yekupedzisira, anofanira kudzokera kunotoro mo—moyo yemadzibaba . . . moyo yevana, waro, ovadzosera paKutenda kwemadzibaba echipentekosti. Munoono mutsauko wacho? Haazove mumwe weava pano *ana nhingi* vatinavo nhasi, achadzokera chaiko kuna Mabasa 2 otangira kubva ipapo chaipo. Achaparidza Evhangeri isina kusvibiswa, achingotaura zvinhu zvimwe chete zvakaitwa naPetro reZuva rePentekosti, nokuti zvaakataura paPentekosti zvakasimbisa mamwe Magwaro ose. Haazozvishonyorori nerimwe sangano, kana Eria auya. Achavenga vakadzi sezvakaita Eria, sezvakangoita . . . kana kuti vakadzi vakaipa, sezvakaita Johane. Achange ari munhu anoda renje sezvavaive. Haazosiyi. Tiri kumutarisira kuti auye. Achauya! Mwari vakati aizodaro, uye achange ari pano!

⁹² Ndinotenda, zvingavei, Mharidzo yatinayo nhasi ichafanotungamira kuuya kwake kukuru ikoko. Hongu, changamire! Ari munzira yake, akatozvarwa. Sezvaive Eria, uye achauya achiputitsa kubva murenje, pane imwe nzvimbo achazovizivisa. Achaparidza Mabasa 2. Achauza Kutenda kwemadzibaba aya ekare ePentekosti kuchidzoka kune . . . kutenda kwevana vechiPentekosti ava, kuchidzokera chaiko paKutenda kwemadzibaba ePentekosti. Achadzokera chaiko, kuna Mabasa 2, Mabasa 2:38, zvichidzika kwese. Achauza Vhangeri chairo, risina kusvibiswa. Haazovi nechekuita naJezebheri nehurongwa hwake. Achange ari muranda waMwari. Chokwadi achadaro! Bhaibheri rakati aizouya. Achaporofita nekuputitsa Mharidzo yake pamberi pavanaJezebheri ava, chaizvo-chaizvo sezvakaitwa naEria pakutanga kuIsraeri. Vachamuvenga! Havazoshandi pamwe naye. Kwete, kwete. Achauya! Mwari vakazvivimbisa, uye achasimuka panzvimbo. Acha—achaparidza kuChechi Yakasanangurwa sezvaRakati achaita, achizunguza Vasananangurwa ivavo, achizunguza zvenyama kubva pairo, nyi—nyika nezvinhu, achizvizunzira pasi, achizvifashaidza, achionza Chechi pamwe chete, vanhu.

⁹³ Ndinoziva munoti, “Ndiro sangano rangu.” Hama, manga muchikanganisa! Johane akauya sehurongwa hwemunhu mumwe chete kuzozivisa Munhu Mumwe chete: Jesu Kristu. Uye Eria haasi kuzova hurongwa, achange ari munhu, Jesu akataura kudaro. Achange ari munhu mumwe chete akazodzwa neMweya Mutsvene. Uye haazozivisi vanamwari vatatu kana vana, achazivisa Mumwe: Ishe Jesu Kristu, nokuti Mharidzo yake ichazunguza vana vechiPentekosti kudzokera paKutenda kwemadzibaba zvakare.

⁹⁴ Rangarirai, hama, kana ndikataura zvinhu izvi nepfini-pfina, ndinofanira kunge ndiri paartari. Ndiri kukuudzai, “ZVANZI NAJEHOVHA!” Kana Mwari vasina kusimbisa ndakuudzai Chokwadi, munyika mose, pasi rose, zvino mondiudza paive pakakanganisika. Ndiri kukuudzai Chokwadi! Dzokerai kuna Mwari, nekukurumidza! Budai muhurongwa uhu, nokuti Bhaibheri rakati muBhuku raZvakazarurwa, kuti hutungamiri hweRoma Katorike hwaive “chipfeve,” uye yaive “amai mhombwe.” Chii ichocho? Machechi, hurongwa.

⁹⁵ Uye ko chechi yeMethodisti, chechi yeLutherani, dzakabva kupi? Ko Methodisti, Baptisti, masangano ose akabva kupi? Mwari havana kumbobvira vaita chechi sangano. Chechi yeKatorike yakati yakatanga kumashure uko, “Jesu akaronga chechi.” Ndinoda—ndinoda peji remunhoroo, kana peji muBhaibheri. Hakuna kumbova nesangano kwemakore mazana matatu nematanhatu mushure merufu rwemuapostora wekupedzisira, vakabva vavamba Kanzuru yeNicaea ndokuita sangano. Zvino Luther paakabuda...akanga ari munhu mukuru waMwari, asi paakangobva, boka duku riya revanhu rakaendako ndokunovamba rimwe sangano. Zvino Mweya Mutsvene wakabuda uchienda pamusoro paJohn Wesley, haana kana chinhu chaakaita sangano, asi mushure mokunge aenda vakabva vaita sangano. Zvino Mweya Mutsvene wakauya nemaPentekosti, zvino vakabuda kubva muMethodisti. Zvino chii chakaitika? Ndokubva vaita sangano.

⁹⁶ Asi pachava nehurongwa hwemunhu mumwe chete huchauya nesimba nechizoro chaEria, kuzozadzisa chiporofita. Hareruya! Iye achaiizunguza. Uye, rangarirai, akaporofita kwavari, nokuporofita, uye akavaudza zvinhu zvose, Mwari ndokushanda naye. Asi Mharidzo yake yekupedzisira yakarwiswa paWhite House. Uh-huh. Johane paakauya, Mharidzo yake yekupedzisira yakarwiswa paWhite House yezuva iroro. Mharidzo yaEria yekupedzisira, paakafamba achidzika nemugwagwa iwoyo mangwanani aye mushure mekunge ange ari muHupo hwaMwari kunze ikoko, akafamba achidzika nemugwagwa uya aine vhudzi rakare kwes-kwese, musoro wake une mhanza uchipenya, ndebvu dzichipepereka, maziso aya madiki, ekare aipenya nekubwinya kwaMwari. Chimuti chiya chiri muruoko rwake, uye tsoka dzake

dzakanyatsodzika chaizvo. Ari kuitei? Achifamba achidzika kubva kuSamaria achienda pamberi peWhite House, uye achiti, “ZVANZI NAJEHOVHA!” Asingatye chinhu. Machechi akanga amuramba, vanhu vakanga vamuramba, saka zvino ari kuisa kurwisa kwake kwekupedzisira, paWhite House.

⁹⁷ Zvino chii chakaitika shure kwaizvozvo? Teererai! Mushure mekurwisa ikoko, inzwi rake rakanyarara, hapana akamunzwa zvakare. Mwari vakamubvisa panzvimbo, vakati, “Eria, watozivisa Mharidzo yako kuIsraeri yose, vanoIziva. Zvino huya kumusoro kuno murenje, ibva kwavari, zvipatsanure pachako nokuti Ndichaita chimwe chinhu. Ndichavaratidza zvazviri kuramba Mharidzo yaNgu.” Chii chakapinda? Hondo, nzara, kufa nenzara.

⁹⁸ ZVANZI NEMWEYA MUTSVENE, “Tarisai zviri kuuya! Tarisai izvo zvichatevera! Kwaiva nenzara, kuchava nenzara!” Oo, pamwe kwete yechingwa, asi yekunzwa Shoko raMwari neChokwadi chaVo. Machechi ose achaita zvhushamwari opinda mazviri chaimo zvimwe chetezvo, sekunge vakatomedzwa kare nazvo.

⁹⁹ Eriya akaitei? Akawana chitubu chakavanzika, kumusoro-soro mugomo kwaakawana Mvura yeHupenyu, Zvizaruro zveMweya kubva kuna Mwari akagara kumusoro ikoko pasi pesimba raMwari. Zvizaruro zviri chitubu chiduku chakavanzwa, apo vamwe vose vaiziya nenzara. Uye Mwari varopafadze varanda vaVo (makunguwo aye), akamuvigira zvokudya paaive kwake oga kusina vanhu. Zvino vakanga vari zasi ikoko vachiziya nenzara yerumutsiriro uye zvose zvichienderera mberi. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] “Hatichanzwazve zvachose nezve rumutsiriro rwake ku... Ari kupiko mupengo uya wakare unotenderera uchiputitsa masangano edu? Uri kupi zvino?” Vakanga vasingazivi. Akazviendesa pachake pamwe naMwari, kunze uko munzvimbo iri kwayo yoga kwavaisanzwa inzwi rake. Zvino vakatanga kuona.

¹⁰⁰ Kana Mwari vakatumira Mharidzo zvino voudza vanhu, uye vorega kuIgamuchira, zvino Vanobvisa muranda waVo votumira matenda aVo: nzara, rufu (tichitaura pamweya, panyamawo zvakare). Tarisirai kuderera kwehupfumi hwenyika, hama. Munofunga kuti mune chimwe chinhu chamakaona, chingomirirai mushure mechinguva. Hapana chamakaona. Munofunga kuti muri kudokwairira rumutsiriro rwomweya rwakanaka, mirirai kusvikira mushure mechinguva. Ingomirirai, kushuvira nekuchemera kunzwa Shoko raMwari. Bhaibheri rakataura kudaro! “Kuchava nenzara mumazuva ekupedzisira,” akadaro muprofitu, “uye kwete yechingwa nemvura chete, asi yekunzwa Shoko raMwari rechokwadi.” Asi inzwi iroro richange rakanyarara, riri murenje pane imwe nzvimbo, rakavanzwa.

¹⁰¹ Vakagadza makunguwo, varanda vaVo. Shiri idzodzo ngadzikomborerwe, Varanda vaVo, vakachengeta inzwi ra—raEria riri benyu munguva yekupatsanuka kwake—kwake kubva kucheche. Makunguwo akamuvigira nyama nechingwa mangwanani, nenyama nechingwa madekwana, uye akanwa kubva muchitubu chiduku apo vamwe vose vari zasi uko vaigara vasina kana chikafu nemvura zvepamweya.

¹⁰² Zvino rimwe zuva, mushure mokunge chivi chanyatsobata, uye Mwari vakanga vaunza vanhu vaVo pamabvi avo... Zezebheri akatora zvole, akazviparadza zvole, uye achazviita zvakare! IZVANZI NEBHAI BHERI DZVENE RAMWARI, “Achazviita zvakare.” Atova pachigaro chehumambo zvino, ari kuseri kweuyo wezita bedzi; achimutenderedza chero nenzira yaanoda, hapana achamumisa. Zvirokwazvo, hapana achamumisa zvino, nekuti chavasina kugona kuwana munharaunda dzechinamoto ivo vanozviisa—vanozviisa zvole mune zvevatongerwo enyika, uye ipapo vakazviita. Uh-huh, ndizvo chaizvo zvavakaita. Izvo, zvevatongerwo enyika zvichave chiramwa chaizvoizvo zvichidzokera kumunembo wechikara, chokwadi sekumira kwandakaita pano, munona, sezvakataura Bhaibheri.

¹⁰³ Ndinoziva kuti tava kupererwa nenguva, ndichakurumidza. Ndinofanira kupinza shoko rekupedzisira iri, kana Ishe vakanditendera.

¹⁰⁴ Tarirai! Eria akagara ipapo kusvikira Mwari vamubvisa. Akanga asina rumutsiriro. Haana chinhu chaakaparidza achipikisa. Akangomira ipapo naMwari oga, kunze murenje, nokuti akanga ari munhu wemurenje. Akakurira murenje. Ndzivo zvaivawo Johane akakurira murenje.

¹⁰⁵ Akaenda kunze murenje ari oga naMwari, akabviswa muchechi mushure mokunge apa Mharidzo yake. Zvino chechi yakaIramba, yakaIramba. Uye pakupedzisira masangano haana chaakazoita, saka akatozongobuda kunze. Mwari vakamubvisa panzvimbo, vakamuendesha kunze murenje, vakati, “Huya kunze kuno, havachateereri zvakare. Huya, zvino Ndichakandira kutonga kwaNgu pamusoro pavo.” Oo, hongu, achange ari pano rimwe ramazuva ano, tarisai.

¹⁰⁶ Zvino, mushure memazuva echiporofita chake, chii chakaitika? Chechi yakatambura, kutyisa kukuru kwaZezebheri, akavatora vose maari, achivamedza vose. Akavatora maari, ndokugadzira minda yemiti nezvimwe zvole.

¹⁰⁷ Asi, rimwe zuva, Mwari vakamudana kuti abude zvakare! Heunoi achibuda. Teereresai zvino, uye musandishatirirwa. Ndiri kuti, “ZVANZI NAJEHOVHA!” Paakabuda, Mwari vakaitai? Vakamutumira kumudzimai chirikadzi. Akambova nesimba remu—murume pamusoro pake, asi zvakatora rufu kumusunungura kuti agone kutenda Shoko remuporofita.

Munozvicherechedza here izvozo? Aiva nemurume aimutungamirira nenzira iyi nenzira iyo, mune chimwe chezvikoro zasi ikoko. Asi panguva huru iyi yekusanaya kwemvura, akanga amedzwa, rufu rwakanga rwamutora. Akanga asisina kubatanidzwa mune chero sangano zvaro, saka akanga agadzirira zvino kunzwa Shoko raShe. Mudzimai, zvichireva Chechi; chirikadzi, kuti murume wake (sangano) akanga afa, uye aitotadza kufunga kuti achiri kurarama pachake. Zvino Mwari vakati, “Dzika uende kwaari zvino, mudzimai achakunzwa, Ndamuraira.”

¹⁰⁸ Oo, tinofunga dzimwe nguva, imi boka duku apo rakatendeka kwazvo uye muchiita zvose zvamunogona kuti muite kuti muve nemusangano, kuyedza kuratidza kuvanhu kuti moyo wenyu wakarurama uye munoda kuti varurame, munofunga kuti muri kuva nenguva yakaoma. Asi, rangarirai, Mwari vane ziso raVo pamuri! MunoVada, ndinoziva kuti munoVada, hamungagari pano, hamungauyi kuchinhu chakadai. Mwari vane ziso raVo pamuri. Hongu!

¹⁰⁹ Uye paakadaro, murume wake akanga afa, sangano rake rakafa, saka zvino agadzirira kunzwa Shoko romuporofita. Saka muporofita paakauya kugedhi ndokumukumbira mvura sho—shoma, akaenda kunoitora. Akabva ati, “Ndivigireiwo chimedu chechingwa.”

¹¹⁰ Ndokucheuka ndokuti, “NaIshe mupenyu, handina chinhu kunze kwezvinongokwana.”

¹¹¹ Zvino, zvaiita sokuti akanga atumwa kuti atore zvishoma zvaaiva nazvo, asi zvaiva zvakatopesana naizvozvo. Paakanga ari anoda kupa zvaaiva nazvo kuti atsigire Shoko, Mwari vakamupa zvokudya. Uye kana uri unoda kupa Mweya waunawo, Mweya wawakapiwa naMwari kuti utsigire Shoko, ipapo Mwari vachakuchengeta uri mupenyu. Hareruya! Oo, Mwari ngavarumbidzwe! Munozviona here, chechi? Musafunge kuti ndiri kupenga, handisi. Asi izvo zvamuinazvo, zvishoma zvamunotenda muna Mwari, kutenda kwamunako, zviisei paShoko, kwete pasangano! Zviisei muShoko raMwari, Vanokuchengetai muri vapanyu.

¹¹² Akanga agadzirira zvino, nokuti kumashure aisakwanisa, nokuti vaisamutendera. Asi zvino agadzirira. Achazvigamuchira here? Mwari vakatumira muprofita kwaari. Achagamuchira Shoko rake here? Achagamuchira muporofita uyu here? Hongu, akadaro. Uye akamuudza, akati, “Zvino, hupenyu hushoma hwaunahwo, huise muno umu, huya nahwo kwandiri kutanga.” Uye chii chakaitika? Apo nyika yose yakanga ichitambura uye ichifa nenzara, iye nevana vake neveimba yake vose vakadya chikafu chakanaka katatu pazuva, Chizaruro chaMwari paShoko. Ndinovimba munozviona, shamwari.

113 Chii chakaitika? Akagarako kusvikira nguva yenzara yapera, achigara nemukadzi uyu (Chechi iyi) akamugamuchira akatenda Shoko rake. Uye akamuchengeta ari mupenyu (akachengeta Chechi iri mhenyu) neShoko raShe, nokuti akati “ZVANZI NAJEHOVHA.”

114 Zvino, hatina nguva yekutora imwe nyaya yacho yose, munoziva, kuti akasvika sei pamangange naBhaari. Achazviita, rimwe ramazuva ano, musanetseke. Paanouya achibuda murenje imomo, imi tarisai kuti chii chinoitika.

115 Chii chakaitika? Zvino apo Eria akanaka, mutana, muporofita, muranda wechokwadi waMwari, asvika kumagumo enzira yake, Mwari vakamuudza, rimwe zuva, vakati, “Eria, waparidza kwenguva yakareba zvakakwana zvino. Wakarwa naJezebheri nependi yake yose nezvose kusvikira waneta nazvo.” Vakati, “Huya zasi kuJorodhani!” Uye heunoi achienda, ndokudzika kuJorodhani. Ikoko hova yakare ine madhaka ichidzikako, mvura inotonhora, ine chando, seiyo munhu wese achafanira kutarisana nayo: Jorodhani, rufu.

116 Asi muranda mukuru waMwari uyu paakafamba achidzika kuJorodhani, uye mwanakomana wake achifamba pedyo naye, mwanakomana weEvhangeri, . . . Oo, hongu, aive mwanakomana wake, “Baba vangu, baba vangu, ngoro dzelsraeri, mutasvi wayo.” Iye nemwanakomana wake pavakafamba vakabatana maoko, vachidzika kuJorodhani, akanga akatarisa baba vake vachienda mangwanani iwayo.

117 Akati adzika kuJorodhani, akatambanudza ruoko ndokubvisa hanzu yesimba pamafudzi ake, akati, “Rufu, hapana chaunogona kuita kwandiri.” Zvino akarova Jorodhani, “Ibva, ndiri kuyambukira mhiri mangwanani ano.” Chii chakaitika? Yakadzokera kumashure ndokuoma seguruva. Muprofita wekare akanga achiitei? Akanga akatarisa mhiri kweJorodhani, aiziva kuti paive nengoro yakanga yakamumirira mhiri ikoko nemabhiza. Akanga ari kuenda kumusha, basa rake rakanga rapera. Mwanakomana wake muVhangeri akanga achizatora nzvimbo yake.

118 Ndakanga ndichiuya kumba rimwe zuva ndichibva kunze kuMadokero. Izvi zvauya mupfungwa dzangu. Ndakabatidza redhiyo (ndaifanira kutyaira mazuva matatu, mamaera zviuru zviviri nemazana mana, ndiri ndoga). Ndakabatidza redhiyo zvino ini. . . ndichinzwa nziyo dzechitendero kubva kuDel Rio, Texas. Paiva nemumwe murume akataura nezve mumwe murume mutana, wechitema, ari munhu mutema. Akanga oda kufa uye aifanira kudzika zasi kurwizi, akati, “Iwo mapatapata egoridhe andichapfeka, kuti ndifambe mumigwagwa yegoridhe.” Mutana wechitema uyu akanga aparidza hupenyu hwake hwose uye chinhu chega chaaigna kufunga nezvacho chaiva nyaradzo, yaakanga ainayo, raive

banjo rake rekare raive rakaturikwa kumadziro. Aigara pamabhero edonje ndokuridza nziyo, achizorora zvake kubva pashumiro yake, aine banjo rekare. Ndiyo nzira yaaive nayo, yekuzorora. Akati bhiza rakare rakagerwa muswe raaisimbotasva richange riri zasi ikoko nengoro. Ndaive ndichifunga nezvavo. Akati, “Iwo mapatapata egoridhe andichapfeka, kuti ndifambe mumigwagwa yegoridhe.”

¹¹⁹ Zvino paakapedza kuimba, ndakadzima redhiyo. Uye ndaienda hangu, ndakabata chidhiravho. “Oo, ndizvozvo chaizvo. Ndinofanira kudzikawo zasi ikoko zvakare. Chii chinombondipa nyaradzo? Ndinowanepi kunyaradzwa kwangu murenje?” Ndine pfuti diki, yekare inonzi...Ndinovhima nayo muchirimo chegore. Ndiyo .270, model 721, Remington. Mumwe murume, hama, yakandipa, muCalifornia, makore apfuura. Ndakavhima nayo kwemakore nemakore. Kutu... yakave nyaradzo yakadini, nekuti ndi—ndinoziva kuti ipfuti yakanaka yekupfurisa, uye ndiyo nyaradzo yangu murenje.

¹²⁰ Ndakabva ndafunga nezve chiratidzo changu. Pandakasvika ikoko nekuona vanhu vangu vese, ndakanzwa chimwe chinhu chichichema, zvino hepanoi ndokuuya Prince wangu muduku (bhiza rangu duku rekutasva) ndokuisa musoro wake papfudzi rangu. Ndakafunga, “Hongu, mamwe emangwanani ano ndiri kudzika zasi neniwo, kuJorodhani.” Uye .270 yekare yandaisimbo...yakarembere pamadziro. Handisati ndakamboitora kubva pachirimo chakapfuura. “Bhiza diki rekutasva iroto randaigarotasva, Mwari vacharisungirira pangoro yangu, pamangwanani iwayo pandinodzika kurwizi.” Richange rakamira riri mhiri kwerwizi uko. Mwari vacharituma, ndakariona humwe husiku. Richange rakasungirirwa pangoro yangu, rimwe remangwanani ano. Ndichange ndaenda, ndichikwira kumusoro nemumakore.

Ngatinamatei.

¹²¹ Oo, kusimba raMwari iroto randichafadzwa naro ndichifamba mumigwagwa yegoridhe iyoyo! Hongu, pfuti yakare iyo yakarembere zvino kumadziro, handizovi nechekuiitisa ipapo. Handizive, kana ngoro yangu ikauyapo, kuti bhiza rangu duku rekutasva randakaona muchiratidzo rinenge rakasungirirwa pangoro yangu, mangwanani iwayo, rakamira zasi kurwizi. Ndinovimba rakadaro. Ndinoda kubvutwa kumusoro. Ndinoda kuti Chechi iendewo kumusoro saizvozvo, ndinoda mumwe nomumwe wenyu.

¹²² Ungada kuziva here paunenge uchidzika zasi kuJorodhani? Uchasiya here hurongwa uhwu husina humwari hwenyika ino wogamuchira Jesu Kristu seMuponesi wako? Kana usiri Mukristu, ungasimudza here maoko ako woti, “Ndinamatireiwo, Hama Branham. Kana ndasvika paJorodhani...”? Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. “Kana ndadzika zasi

kuJorodhani, Ndinoda kutora simba reMweya Mutsvene pandiri ndorova mvura dzinotonhora, ndofamba ndichiyambukira mhiri.”

¹²³ Ungagara sei pasi pekutaura kwakadai, chizoro cheMweya Mutsvene, uye uchiziva kuti Mweya Mutsvene unondiudza chinhano chako, zvino wotadza kusimudza ruoko rwako? Zvinoratidza kuti yave nguva yerwendo rwemurenje! Pangave nemumwe here tisati tanamata, mumwe zvakare? Pane vaviri vasimudza maoko avo; vatatu, Mwari vakuropafadze, mwanakomana.

¹²⁴ Baba vedu veKudenga! Vatatu; zvichange zvakanaka kwazvo, Ishe, kana ivo—ivo vachizenge variko nezuva iroro. Ndinonamata kuti vachaveko, Ishe. Vasimudza maoko avo nekuti vagutsikana kuti hurongwa huno hwenyika huri kufa, uye manzwi eShoko raMwari nekukurumidza achava chinhu chakaoma kuwana, Mwari vacharibvisa kubva muchechi. Kudanidzira, kudana kweChikomba kuchabva nokukurumidza uye hurongwa hwaJezebheri hucharinyaradza. Asi vanoda kuva...kurarama pachitubu ichocho chakavanda sezvaiva Eria achichengetedzwa munguva yenzara. Mwari, vapei Mweya Mutsvene zvino, zadzai mwoyo yavo nomufaro norugare, uye vaisei pfungwa dzavo paShoko raMwari kuti vagorarama zvino nunguva inotevera, nokusingaperi. Varopafadzei, Baba. NdeveNyu, kubudikidza naJesu Kristu Ishe wedu.

Nemisoro yedu yakakotamiswa:

¹²⁵ Avo vasimudza maoko avo uye vachida kugamuchira Kristu, mungangomira netsoka dzenyu here, kwekanguva, ndichikunamatirai mumwe nemumwe? Ingosimuka netsoka dzako.

¹²⁶ O Mwari, ndakundikana here? Kunyange vatatu ivavo vacho vasimudza maoko avo, vasina kubatikana zvekuti vasimuke netsoka dzavo kuti vagamuchire chinhu chaicho chavaita. Ishe Jesu, ndinozviisa zvose mumaoko eNyu. Ndaparidza Shoko reNyu, uye handina chero zvaro randarerutsa. Zvino ndi—ndinozvisiira kwavari, Baba. Itai chero izvo zvamunoona zvakafanira nechechi pamwe nemuranda weNyu, zvese zviriri mumaoko eNyu.

¹²⁷ Baba, ndinonamata kuti Muponese vakarasika, zadzai vane moyo ine nzara nezvinhu zvakanaka, ipai Hupenyu Husingaperi kune avo vane nyota, simudzai varanda veNyu kuti vaparidze Mharidzo, ipai kupodzwa kune vanorwara nevanotambudzwa, Zviwanirei mbiri, nokuti ndinozvikumikidza pamwe neShoko reNyu. Uye muruoko rwangu, uye nemumwoyo mangu, nemupfungwa dzangu, nyorai Mirairo yeNyu, kubudikidza naJesu Kristu Ishe wedu. Amen.

Pandinovika kurwizi pakupera kwezuva,
Handidi kuimba izvozvo.

Uye zvoita sekunge shamwari dzangu dzose
dzaenda;
Pachange paine mumwe Munhu akamirira
achandiratidza nzira,
Handizofaniri kuyambuka Jorodhani ndoga.

¹²⁸ Wapa here makadhi okunamatorwa, Bill? Ndinonzwa kuremerwa. Wapa chii nhasi? B? Wapawo maA zvakare, hauna here? Zvakanaka, dana maB kutanga, potsi kusvika kune... Kadhi rekunamatorwa B, nhamba potsi. Tiri kuzonamatorwa hurwere hwenyu. B, nhamba yekutanga, ndiani anaro? Kadhi rekunamatorwa B, nhamba potsi, mumwe munhu kumashure-shure chaiko. Huyai kumusoro kuno, amai. B, nhamba piri, simudza ruoko rwako. Mudzimai uyo? Nhamba tatu. B, nhamba tatu, mungasimudzawo ruoko rwenyu ndapota, kuti ndione kuti ndepapi. Tatu? Nhamba ina, B, nhamba ina. B, nhamba shanu. Ungasimudza ruoko rwako here ndapota? B, nhamba shanu. Murume uyo? Zvakanaka, tanhatu, nomwe, sere, pfumbamwe, gumi, gumi neimwe, gumi nembiri, gumi nenhatu, gumi neina, gumi neshanu. Saka, pano, vose vana B ngavasimuke, zvakadaro. Chete...

Izvozo... [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]... vakaenda munyika yose, mumishinari wose ari mumunda wekuvhangera, chero kupi kwavanogona.

¹²⁹ Makadhi ose ekunamatorwa B simukai mutore nzvimbo yenyu zvichienderana nenhamba dzenyu.

Zvino, ndeapi anotevera? A? Ndiani ane kadhi rekunamatorwa A, potsi? A, potsi, riri papi? Chokwadi riri muno. A, potsi? Akange akapihwa kwemazuva maviri, kana matatu zvino, saka vanogona kunge vasiri pano. Vese vane kadhi rekunamatorwa A, zvino imi itai mutsara neche pano apa. Endai uko pamadziro chaipo, muchiremekedza.

¹³⁰ Ndinoda kutaura nemi musina makadhi okunamatorwa, kwechinguvana mutsara usati watanga.

¹³¹ Zvino, nekadhi rako rekunamatorwa, ribate mumaoko ako kuitira kuti vakomana vagone kuzogamuchira kadhi rako rokunamatorwa. Wanga wakamirira, wakurumidza kuuya manheru kuti uzitora kadhi rako rokunamatorwa, uye wava nekodzero yokupinda mumutsara. Ndakakuvimbisai, kukunamatorwai. Zvino ndichaedza kuchengeta vimbiso yangu, Mwari vachindibatsira.

¹³² Ndiye mwanakomana wenyu mudiki here? Kamurume kadiki kakanaka chaizvo. Ndapota ndiregerereiwo. Mukadzi uyu pano imhando yakanaka yemugari wemuAmerica chaiye. Mwanakomana wake mudiki, kahovhorosi kadiki nebhachi rine mitsetse. Mudzimai wechidiki ane bvudzi refu, anopfeka zvakakanaka. Mwari vamuropafadze neimba yake, nemurume wake, vadikani vake. Ndiyo U.S.A. chaiyo yechokwadi,

ine “Chikristu” chakanyorwa pamusoro payo. Nyika yedu ngairambe yakadaro kwenguva refu! Ndiregerereiwo, amai vechidiki, nekutaura izvozvo, asi ndango. . . kuitira kuti vanhu vagone kuona zvandinofunga kuti ndizvo zvinotaridzika seMukristu; pasina pakapendwa, chero zvazviri zvinhu zvacho, angori mudzimai.

133 Mwari vakuropafadzei, Hama Sullivan.

134 *Chiremba Mukuru*, kana mungadaro.

Chiremba Mukuru ari pedyo zvino,
Jesu anonzwira;

135 Unotenda maAri here? Unotenda here kuti ndiYe Chiremba Mukuru? Zvino chingoremekedzai kwekanguva. Tichine nguva diki, ndadimburira mharidzo yacho zvishoma. Ndinovimba mazvibata, kunyangwe zvakadaro, zvanga zvichirehwa. Ingotenda nemoyo wako wese. Kana vose vapinda mumutsetse, mumwe munhu kumashure uko ngaaise vanhu mutsetse. Zvakanaka? Mati kudii? Zvino vose vane makadhi okunamatirwa vakamira.

136 Munotenda here vari kunze uko, zvakare, vasina makadhi okunamatirwa? Kana ukava nekutenda, Mwari vanokudana. Zvino, makadhi ose ekunamatirwa ari mumutsara.

137 Musikana mudiki uyo akagara kumashure uko, ane gumbo rakashata, kumusoro kuno pane izvi. . . Unotenda here kuti Mwari vacharipodza? Kana uchidaro, ingova nokutenda uye Mwari vachazvipa kwauri.

138 Unofunga kuti baba vako vari kurwara vachapora here? Unotenda, unogona kuva nazvo.

139 Ko imi muri kunze uko, muri kunamatira muzukuru wenyu ane chinhano chekuhuta-huta? Munofunga kuti Mwari vachamuporesa here? Mai, vagere kunze uko, kana muchizvitenda, munogona kuva nazvo.

140 Imi mose muchatenda here?

141 Zvino ndinoda. . . Vangani vehama dzangu vari pano, vaparidzi veVhangeri, vaparidzi veVhangeri Rakazara kana chero zvavari, vanotenda mukupodza kwaMwari? Simudzai maoko enyu. Ndinoda kuti muuye kuno uye mundibatsire kunamatira vanhu ava, kuitira kuti vanhu vaone kuti handisi ini chete ndinonamatira vanhu, munogonawo zvakare. Huyai kuno mumire papuratifomu neni. Mungadaro here, hama, imi vashumiri? Huyai pano chaipo uye mumire pano papuratifomu. Zvakanaka izvozvo. Maita henyu, hama. Maita henyu. Huyai mberi chaiko, hama, huyai.

142 Mati kudii? [Imwe hama inoti, “Tingaita mitsara miviri pano here?”—Mupepeti] Hongu, munogona. Itai mitsara miviri pano chaipo, zvichange zvakanaka. Izvozvo zvakanaka. Zvino tendeukai neuku, hama. Tendeuka nenzira iyi, ndichaunza

vanhu vachipfuura nepano chaipo. Zvino vamwe venyu mirai kudivi rangu iri, muno umu chaimo, kana muchida, mirai kurutivi urwu. Ndizvozvo.

¹⁴³ Zvino, kune vateereri, muri kuona varume vakanaka ava pano here? Ndivo varume vachamira kumusoro kuno chaiko, uye vomiririra Vhangeri iri rimwe chetero randiri kuparidza. Maona? Vanouya pano nokuti vanotenda maRiri. Zvino munofanira kudada nemufundisi wenyu anozviratidza papuratifomu pano, kuparidza kwakaoma, kwakasimba. Ava ndivo varume vane chizaruro, vanoziva kuti...kwete ini ndichipikisana nevarume ava, dzimwe nguva tinobatwa muhurongwa hunotiita...Hurongwa ihwohwo ndihwo hwatinopesana nahwo; kwete munhu wacho, muranda waMwari.

¹⁴⁴ Zvino, dai tainzvera munhu wose ari pano, munofunga kuti ndaigara kwenguva yakareba sei pano? Ndaifenda kana ndasvika pane vangaita...mushure mevatanhatu, vashanu kana vatanhatu, gumi; vamwe zvisroma, pamwe hafu, chikamu chimwe kubva muzvina chemutsara, ndaizoparara, vamwe vose vaisazonamatiwa. Hatigoni kuita izvozvo. Uye sezvazvi...asi haufanirwe kuve nazvo. Unoziva dambudziko rako. Unoziva zvawakaita, zvino reurura zvivi zvako. Kana paine mumwe wenyu kunze uko ane kadodzi kekupokana mumwoyo make, kabvise iko zvino uudze Mwari kuti vakuregerere. Kana usina kugadzirisana naMwari, udza Mwari kuti vakuregerere. Kana ukasadaro, uye usina kugadzirisana naMwari, hazvina kana nechakanaka chazvichakubatsira kuti upfuure nepano. Uri kungopedza nguva yako. Ichokwadi. Zvino, ndizvo here, hama? Ndizvozvo chaizvo.

¹⁴⁵ Tarisai pano. Hevano! Hama Kidd vamire pano. Ndakaita sendichabvarura matai emotokari yangu kuti ndisvike kwavari, rinenge gore kana maviri apfuura, kuti...Vakange vachifa nekenza, vaizofa musi iwoyo. Mudzimai wavo akandiudza, akati, "Kurumidzai!" Vakati, "Vave kufa zvino." Pandakasvika ikoko, Ishe vakavaporesa. Uye hevanoi pano vachiri vakamira. Ndinofunga kuti vawedzera huremu hwakawanda *kwazvo* nezvese. Imhare yekare, kumashure, munoziva. Ndiyo mhando yemurume wandaitaura nezvake, makore apfuura, aiparidza; nekugara paShoko iroro chaipo, uye vanhu vachivaseka. Zvino ivo nemudzimai wavo vachifamba nemunjanji nezvimwe zvose, uye nekumusoro-soro mumakomo, nemumigodhi yemarasha, uye vachidzingwa, nekukandirwa mutirongo, nezvimwe zvose. Ndiye murume akarwira kuhwina mubairo, ndiyo mhando yacho.

¹⁴⁶ Zvino, hama, ndinoti kwamuri, pamwe hamungavi nemweya wekunzvera. Izvo hazvisungirwe kudaro, munoona, izvozvo—izvozvo hazvina basa. Chinhu chekutanga, uri munhu weShoko. Muri vaparidzi vari nani nekure, kupfuura zvandiri, nokuti

ini—ini handisi muparidzi zvakanyanya. Asi ini...asi maka—makazodzwa, chero munhu akadanwa kuparidza Evhangeri akadanwa kuti apodze vanorwara; rairo dzemazuva ese: “Endai munyika yose muparidze Evhangeri kuchisikwa chose. Uyo anotenda akabhabhatidzwa achaponeswa. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara,” zvimwe zvakadaro, “vachapora.” Kana wakadanwa kuti uve mushumiri, wakadanwa kuti unamatire vanorwara.

¹⁴⁷ Uye chikonzero chandinoitira izvi ndechekuti ungoro ino...kuti vaone kuti havafanirwe kumirira mumwe munhu akatsaurwa, Oral Roberts, Tommy Hicks, Tommy Osborn, ini pachangu, mumwe munhu anouya pano kushumiro yekunamatira vanorwara. Ndinoda kuti ivo vaone kuti muri vanhu vaMwari. Maona? Uri munhu...Ane kodzero chaiyo yekuisa maoko pane chero ani wavo se—seni kana chero mumwewo zvake. Mushure mezvose, hama, imi mose munoziva, se—sevashumiri, kutenda kwavo muna Mwari kunoita basa. Ndizvozvo here? Tinongovaisira munamoto.

¹⁴⁸ Zvino unoti, “Hama Branham, Mweya weMweya Mutsvene uri ipapo here nemi?” Zvirokwazvo. Hongu, changamire!

¹⁴⁹ Zvino kwauri iwe uri muunga...mumutsara apo, kana uchitenda nemoyo wako wose kuti Mwari vachakuporesa, simudza ruoko rwako, uti, “Ndichazvigamuchira.”

¹⁵⁰ Zvino, huyai pano, regai uyu—regai mudzimai uyu auye pano. Handikuzivei, handisati ndambokuonai. Kana Mweya Mutsvene ukandiudza, kuitira kuti hama dzangu dziri pano, muhupo pano sezvizvi, saka vose vakamira pano vakandikomberedza. Uye kwete izvozvo zvoga, hama dzangu dziri pano, uye Ishe vangu vari pano. NdiShe wavowo, zvakare. Zvino, kana Vakandiudza chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka pamuri, chero chisina kumira zvakanaka pamuri, muchaziva kuti ichokwadi here kana kuti kwete. Ndinoda kuti ivo, ndinoda kuti ungoro, Ndinoda kuti vanhu vari kunze uko vaone kuti Mweya Mutsvene uri pano papuratifomu uri kunzvera, asi izvozvo hazviporese munhu. Asi kana Vakandiudza chimwe chinhu pamusoro pako, chaunoziva kuti handina chandinoziva nezvacho, sezvazvaiva nemudzimai patsime... Kwete mhando yenyaya imwe chete, asi ndinoreva murume nemukadzi vachisangana kekutanga. Jesu, akaita sokunge murume wezera repakati nepakati, uye mukadzi uyu zvimwe aive mukadzi wechidiki, pamwe sewe.

¹⁵¹ Uye kana Vakazokwanisa, vakagona kundiudza zvawauyira pano, dambudziko rako, ungotenda here kuti unenge uri Mweya waVo unozviita? Munozvitenda here imi hama? Kuti Ishe Jesu vamwe chete vamire pano? Imi ungoro munotenda zvimwe chete here? Mungatenda here chinhu chimwe chete imi vari mumutsara wekunamatirwa, uye moziva kuti varume ava...?

Ndaizovadaidza here kumusoro kuno kana ndaifunga kuti havasi . . .? Mushure mekuperidza sezvizvi, nekutaura zvinhu zvandaita, zvadaro ndodaidda varume kumusoro kuno vaive vasina kufanira? Handaizoita izvozvo. Ndinenge ndoparadza chinhu ichocho chandanga ndichirwira. Maona? Ndinotenda mavari. Ndinotenda kuti vanhu vaMwari.

¹⁵² Zvino chionai kana Mweya Mutsvene wakamira pedyo. Kungotaura nemi, ndiri kuedza . . . Munoti, “Muri kuitei, Hama Branham?” Zvimwe chetezvo zvakaitswa naJesu nemudzimai, akati, “Ndiunzire mvura yokunwa,” Aingodza kutaura naye kwechingvana, kuti aone kuti dambudziko rake raiva rei.

¹⁵³ Dambudziko renyu ndere kuhuta-huta, ndizvo zvamuri kutambura nazvo. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Zvino, chokwadi havataridziki kudaro, vanodaro here, hama? Havadaro, asi ndiro dambudziko ravo. Vave vakadaro kwenguva yakareba. Nguva dzose muchiyambuka mazambuko enyu musati masvika kwaari, nezvimwe zvakadaro. Ichokwadi. Magadzirirwe enyu, kungoitwa saizvozvo, kuhuta-huta; kugara muchingofungidzira kuti chimwe chinhu chiri kuda kuitika, hazvidaro. Dzimwe nguva satani anokuudzai, “Hapana neZvazvo, iwe wakangodzokera shure, wakayambuka mutsara.” Handisi kuverenga pfungwa dzenyu, asi ndiri kuverenga zviri . . . Ndiri kuziva pamusoro pezvaataura nemi, nekuti ndiri kuona zvapfuura nemupfungwa dzenyu.

¹⁵⁴ Zvino, Jesu akaona mifungo yavo. Ndizvo here? Saka, ndizvo zvaitika iko zvino. Ndizvo here? Pano, regai ndikuudzei chimwe chinhu, kuti muzive. Chokwadi makamira pano muchimiririra mumwe munhu. Ndizvozvo. Ndiicho chinhu chacho, muri kuonaka, hamuna kukwanisa kuchibata kusvika ipapo. Zvino, kana Ishe vakazarura kwandiri zvamakamirira pano, muchimiririra mumwe munhu, muchanditenda here kuti ndiri muporofita waVo? Ndezvaamai venyu. Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza kuti dambudziko ravo chii? Zvakanaka, vane dambudziko remoyo, B.P. yakakwira, matombo munduru, zvakangovhiringika. Ndizvozvo, handizvo here? Maona? Zvino, ndiwo Mweya Mutsvene, handizvo here?

¹⁵⁵ Zvino, pane chimwe chinhu pano pandiri uye nepahama idzi. Maona? Chimwe chinhu pano zvino, Mweya Mutsvene. Zvino, imi tendai; imi, tichipfuura nomumutsara.

Tose ngatikotamisei misoro yedu tichinamatira vanhu ava.

¹⁵⁶ Zvino, Baba voKudenga, tichaturika maoko pamusoro pevanhu ava. Uye ndiri kuanamatira zvino. Hevanoĩ varanda veNyu vehumambo vamire pano, uye tose tichaturika maoko pamusoro pevanorwara, nokuti Makataura kuti tizviite. Tichazviita nemuZita raJesu Kristu. Dai vanhu vakasangoita zvekungopfuurawo, asi dai vapfuura vachipodzwa kubudikidza nemuZita raJesu Kristu. Amen!

157 Ishe vakuropafadzei. Zvino fambai muchiswedera pedyo.

MuZita raIshe Jesu, podzai. . . MuZita raIshe Jesu, podzai hama yangu. MuZita raIshe Jesu, podzai hanzvadzi yangu.

158 Zvino, mirai—mirai zvishoma! Munoona! Hama nehanzvadzi, sei mafara apo mudzimai uyo, apo kunzvera pakwaitika, uye vamwe pavapfuura nepo hapana chaitwa? Vanhu vanopfuura, “Saka, kana ndisina, kunzverwa, saka, zvino hapana chandawana.” Izvozvo hazvina nechekuita nazvo, Vari pano zvimwe chetezvo. Maona?

159 Pamunopfuura nepano, huyai makasimudza maoko enyu mudenga, muchiti, “NdinoKutendai, Ishe Jesu. NdinoKugamuchirai seMupodzi wangu, uye iko zvino ndiri kungoenda nako. Mumwe wevarume ava achandibhabhatidza, ndiri kuenda chaimo mudziva remvura ndigobhabhatidzwa, uye ndobuda ndoziva kuti Makavimbisa kuti ndinozogamuchira Mweya Mutsvene.”

160 Munoona, izvi. . . Kunzvera kuchiripo pano. Kuchiripo pano, zvakangofanana ne. . . Pano, ndekupi? Murume uyu pano? Ndiri mutorwa kwamuri. Ndiri here, changamire? Handikuzivei. Ko. . . kana Mwari vakandiudza dambudziko renyu, muchanditenda here kuti ndiri muporofita waVo, muranda waVo? Muchadaro nomwoyo wenyu wose here? Zvakanaka, changamire. Ndatenda, changamire. Mweya wakanaka kwazvo iwoyo, chinhu chakanaka kwazvo. Zvisinei hazvo, makamiririra mumwe munhu pano. Ndizvozvo. “Muzukuru wenyu, ane porio, akadonha rimwe zuva ndokutyoka gumbo rake,” iZVANZI NAJEHOVHA! Ndizvo here? Ndizvozvo! Endai munotenda zvino, uye achapora.

161 Zvino, huyai muchitenda, munhu wose, chingouyai. [Mutsara wemunamato unotora maminitisi matatu nemasekonzi makumi matatu nemasere, mazhinji emazwi aHama Branham haanzwike zvakanaka—Mupepeti]. . . ? . . .

Ngachiropafadzwe chisungiso
 chinosinganidza
 Moyo yedu murudo rweChikristu;
 Kuyanana kwepfungwa dzine ukama
 Zvakaita seizvo zviri Kudenga.
 Pano pamberi peChigaro chehushe chaBaba
 vedu,
 Tinodurura munamato wedu wakaperera;
 Kutya kweedu, tariro dzedu, zvinangwa zvedu
 zvimwe chete,
 Nyaradzo dzedu nechido chedu.

162 Takamira pamusoro, pevana vaMwari vaduku, vakaremara, mapofu, vakamonyana. Vashumiri veVhangeri, munoziva kuti hatina simba rokuporesa. Asi Ishe wedu Mukuru Jesu Kristu ari kutumira zviratidzo izvi, uye nokupomera dhiyahbore

uyo akakusungai. Tinopomera dhiyabhore...?...Tinopomera hupofu...?...

163 MuZita raJesu Kristu Mwanakomana waMwari, tinokumbira kuti Mwari avape kutenda kuti vatende kuti munamato wekutenda waponesa vanorwara, uye Mwari achavamutsa, uye vachaporazve. Zviitei, Mwari Samasimba, kubudikidza nemuZita raJesu Kristu.

164 Zvino, imi hama fambai muchibva ipapo...?...

165 Imi vamwe mose ivai mumunamato zvino, apo isu... vashumiri vari kuvanamatirawo, zvakare, zvino. Tinonamata, toisa maoko pamusoro.

166 Baba veKudenga...

Kunemi kunze uko muungano vasina kupinda mumutsara wekunamatirwa, isai maoko enyu pamusoro pomumwe nemumwe zvino. Isai maoko enyu pamusoro pemumwe nemumwe.

167 Baba vedu voKudenga, tiri kuKuunzirai ungoro ino apo tichivhara shumiro ino nembuserere ino pasi pemureza waJesu Kristu, Muprisita Mukuru waMwari akazodzwa, Emanueri, akamira, akamuka kubva kuvakafa, anorarama nguva dzose achireverera; Hupo hwaKe hukuru zvino hunesu, Simba raKe dzvene riri pamusoro pedu kutiita kuti tione zviratidzo, kuporofita, kuisa maoko pamusoro pevanorwara. Shoko raMwari risingakundiki haringambofi rakadzokera kwaVari risina chinhu. Ndinopomera dhimoni rese rehurwere, simba rose rechivi, kusatenda kwese, muZita raJesu Kristu, ngakuparare kuchibva muvanhu uye ngavaporeswe.

168 Ropafadzai hama idzi vashumiri, Ishe, vakaungana pamwe chete nemoyo mumwe uye muhumwe, uye neungano yose yechechi. O Mwari Samasimba, kuMiddletown ino huru, Ohio, tumirai rumutsiro mushure meizvi, Ishe, rwuchatsvaira rwuchibva kudivi rwuchienda kune rimwe divi, kuuya pamwe chete kwemapfupa, Ishe, namarunda eganda. Uye dai simba raMwari ramutsa chechi ine simba guru yakabatana muno muguta rino ichatsvaira, chechi iri muenzaniso, munyika yose, kuti vanhu vauye muguta rino kuzoona simba raMwari. Zviitei, Ishe. Podzai vanorwara nevanotambudzwa, ponesai vakarasika, uye muZviwanire mbiri.

169 Zviitei, kuti ose mahengechepfu aya nemapasuru madiki ari pano...Ndinonamata, Ishe, kuti Mweya Mutsvene uri pamusoro pedu, uye uri muchivakwa chino uchitizodza, dai mumwe nomumwe wavo apora. Zvakanyorwa muBhaibheri kuti Israeri payakanga iri munzira yebasa, vari munzira yavo kuenda kunyika yechipikirwa, kuti Gungwa Dzvuku rakapinda munzira. Zvino mumwe wevanyori akati, "Mwari vakatarisa pasi kubudikidza nemuShongwe yeMoto iyoyo zvino Gungwa

Dzvuku rakatya ndokudzokera kumashure, zvino Israeri ndokuenda kunyika yechipikirwa yakanga yakavimbiswa.”

¹⁷⁰ Uye zvino, zviru muBhaibheri, zvakanyorwa kuti, “Ndingada kuti pamusoro pezvinhu zvose mubudirire muhutano.” Zvino mahengechepfu aya paanosvika kuvanhu, apo Satani akaisa Gungwa Dzvuku pamberi pavo, dai Mwari vatarisa pasi kubudikidza nemuRopa reMwanakomana waVo pachavo, Jesu Kristu, uye vapomere hurwere hwose kune avo vasina kukwanisa kusvika pano; uye dai hurwere hwabva uye hwatya Shoko raMwari nevimbiso yaMwari nechizoro chaMwari, uye dai vanhu vayambukira muvimbiso iyoyo yakanaka yehutano hwakanaka nesimba. Zviitei, Ishe. Uye tinozviisa zvose kwaMuri, muZita reMwanakomana weNyu ane rudo, Muponesi wedu Jesu Kristu. Amen.

¹⁷¹ Ungano, kuna iYe anotiziva tose, kuna iYe akatimutsa kuti tive nhaka yaKe munyika, muchechi yaKe, dai maropafadzo aMwari akapfuma ave pamusoro penyuru mose kusvikira tasangana zvakare. Shumiro yedu inotevera, tichiziva, ichange iri patabhenakeri, Svondo mangwanani, mangwanani eSvondo yeEsta. Zvino ndiri kuenda ku...kuIllinois ndichibva ikoko. Ropafadzwai, chengetedzai machechi enyu, chengetedzai machechi akanaka aya, batanidzai mwoyo yenyu pamwe chete. Garai paShoko raMwari! Raramirai Iye, nokuti zvinhu zvinotyisa zviru mberi kwenyu, rangarirai izvozvo!

¹⁷² Kusvikira tasangana, ngatitimukei tiimbe:

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti Akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

¹⁷³ Zvino, neruremekedzo, kwazisana maoko nemunhu ari kumashure kwako, pamberi pako, nepamativi ako.

NdinoMuda . . .

Munhu wese zvino.

. . . NdinoMuda
Nokuti Akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

¹⁷⁴ Zvino nemaoko enyu akasimudzwa kuna Mwari, neinzwi riri pamusoro zvino, munhu wese rwuite kuti rwurire.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti Akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

¹⁷⁵ Ngatikotamisei misoro yedu zvino.


Kusvika tasangana! kusvika tasangana!

Kusvika tasangana patsoka dzaJesu;

Rangarirai, vazhinji vedu hatizombosangana zvakare kusvikira ipapo.

Kusvika tasangana! kusvika tasangana!

Mwari vave nemi kusvika tasanganazve!

¹⁷⁶ Zvino rwuimbei mahon'era. Mufundisi wenyu. Hama Sullivan, kusvika tasangana, hama yangu. 

CHINAMATO CHAJEZEBHERI SHO61-0319
(Jezebel Religion)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo masakati, Kurume 19, 1961, paNational Guard Armory muMiddletown, Ohio, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org